ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ХАБЗЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№11 (22.169) ● 2012 гъэм щIышылэм (январым) и 25, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Урысей Федерацэм и щIыхуэхэр пэщIэдзэ дзэ учетым гъэувынымр 2012 гъэм Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм щегъэкIуэкIыным и Iуэхуки I

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Урысей Федерацэм щыщ щIыхуэхуэзу 1995 гъэм кIалъхуахэр, апхуэдэу а ныбжьым нэхъри нэхъыжьхэм ящыщу дзэ учетым щытын хуейхэр, ауэ щымытхэр пэщIэдзэ дзэ учетым гъэувынымр Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм кIыщыззэгъэпэщын мурадкIэ, «Дзэ кIуалыкъэр екIуэкIыныжкIэ кIалэныжьмрэ дзэ кIуалыкъэмрэ я Iуэхуки I» Федеральнэ законым ипкъ иткIэ, **унафэ щIи:**

1. Урысей Федерацэм щыщ щIыхуэхуэзу пэщIэдзэ дзэ учетым гъэувынымр 2012 гъэм щIышылэм и 1-м щегъэжьауэ гъатхэпэм и 31-м нэсыху егъэкIуэкIын.

2. Урысей Федерацэм и щIыхуэхэр дзэ учетым гъэувынымкIэ Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ кIалэ округхэмрэ я комиссэхэм хэтхэр къэщтэн мы Указым и гуэдзэнхэм зэритым хуэдэу.

3. Урысей Федерацэм и щIыхуэхэр 2012 гъэм пэщIэдзэ дзэ учетым ягъэувынуэхэм я узынщагъэр кIыщапщытэну, щагъэхъужыну медицинэ Iуэхущ IапIэхэр къэщтэн, мы Указым и гуэдзэнымэ зэритым хуэдэу.

4. Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ кIалэ округхэмрэ щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ я органхэм чэнджэщ етын ягъэува пIалъэхэм кIриубыдэу Урысей Федерацэм и щIыхуэхэр пэщIэдзэ дзэ учетым гъэувынымр дзэ комиссариатхэм, республикэм и гъэзэщIакIуэ властым и органхэм, предприятэхэм, Iуэхущ IапIэхэм, организацэхэм ящIыгъуэ кIыхьэгъагъэпэщыну.

5. Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм Узынщагъэр хьэмэныжкIэ и министерствэм хуэгъэувын Урысей Федерацэм и щIыхуэхэр пэщIэдзэ дзэ учетым ягъэувыпхъэхэм я узынщагъэр къэпщытынымэ медицинэ лэжьакIуэхэмрэ Iуэхущ IапIэхэмрэ кIыхьэрыхашэну щIыкIэмрэ хабзэмрэ, апхуэдэу ищхьэкIэ кIыщыгъэльэгъуа щIыхуэхэм я узынщагъэр кIыщапщытэну амбулаторхэмрэ стационар Iуэхущ IапIэхэмрэ иубзыхуну.

6. Къэрал кIуэцI IуэхуэхмкIэ министерствэу Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм щыIэм чэнджэщ етын Урысей Федерацэм и щIыхуэхэр пэублэ дзэ учетым увынымэ зыщIысыдгейхэр кIыпIыхьэну.

7. Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм Щ IыхубэхыбарегъащIэ Iуэхущ IапIэхэм я IуэхуэхмкIэ и къэрал комитетым хуэгъэувын пщIэдзэ дзэ учетым гъэувынымрэ щIа Iуэхуэр республикэм и щIыхубэ хьыбарегъащIэ Iуэхущ IапIэхэм кIыщагъэльэгъэунэр кIыхьэригъэпэщыну.

8. Мы Указым къару егъэут Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2011 гъэм дыгъэгъазэм и 28-м
№194-УП

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен Урысей студентхэм я махуэм теухуауэ щIыхуэхэм

ЗЭРЫЗАХУИГЪАЗЭР

Си ныбжьэгъу лъапIэхэ!

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентымрэ Правительствэмрэ я щIэкIэ, апхуэдэу сэ кIызбгъэдэкIыу си гуапэу сынывохъуэхъу Урысей студентхэм я махуэмкIэ.

А махуэщхъэм лъабжь куу иIэщ Доносов М. В. и цIэр зэрихьэу Москва къалэм дэт хэрал университетым - япэ урысей классическэ университетым пыщIауэ. Абы щIыхь щIэныгъэм и лъагапIэщIэхэр кIигъэIурыщIэну зэрыхущIэкъур къеГъэлъагъуэ икIи щIэблэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыщхэр: студентхэр, егъэджакIуэхэр, вуэхэр илъэс зэмылIэужьыгъуэхэм къэзыухахэр зэкъуеГъэувэ. Студент илъэсхэр нэхъ гукъинэщ - ар дэтхэнэми и зэфIэкIхэр къыщыщыхьуих зэманщ. Илъэс къэс нэхъыбэ мэхъу Къэбэрдей-Балкъэрым и студентхэм ящыщу жылагъуэ лэжьыгъэм и IэнатIэ зэхуэмыдэхэм пэрыувэрхэр, социальнэ мыхьэнэ зиIэ проектхэр гъэзэщIэным еувалIэкIэ. А псоми уи фIэщ ящI ди вузхэр къэзыухахэм яхуэфэщэн, я Iэщ Iагъэр къыщагъэсэбэпын, щалъхуа республикэми, зэрыщыту ди къэралми сэбэн къыщыухахын IэнатIэхэр зэрагъэутынур.

Си гуапэщ узынщагъэ быдэрэефIэкIуэныгъэрэ фиIэну, еджэнми щIэныгъэми ехъуIэныгъэхэр къыщифхыну, творческэ Iуэхуэхуэхэр дэвгъэкIыну.

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Студентхэм я Iутlыж махуэ

Псоми зэрытщIэщи, щIышылэм и 25-м ди къэралым щагъэтIапIэ Студентхэм я махуэр. Апхуэдизу едгъэ щхьэкIэ, махуэ-шхэм студентхэм я закъуэкIым зейр, атIэ Татьянэ цIэр зезыхьэ пщащэхэми я гуфIэгъуэщ.

ТХЫДЭМ и напэкIуэцIхэм кIыззэрыщIгъэльагъуамкIэ, 1755 гъэм щIышылэм и 25-м пащтыхь Гуапэ Елизаветэ Iэ щIидзащ «Москва университет кIыщыззэIухьыным теухуауэ» унафэм. XIX лIэщIыгъуэм и 60 - 70 гъэхэм щыщIэдзауэ Татьянэ и махуэр студентхэми я гуфIэгъэшхэм хуауат.

Апхуэдэ Iуэху дахэр кIыззэрежьэрэ куэд щIами, ди къэралым и дэнэ пIланэпи щеджэ студентхэм ноби яIэт а махуэшхэр. Ар нэхъ убгъуауэ, щIалэгъуалэм гурэ псэкIэ нэхъ зыщагъэспэхуу щIыщIым и щхьэусыгъуэщ, езы студентхэм зэрыжаIэмкIэ, щIымахуэ сессиер щиух пIалъэм зэрытехуэр.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Налшык къалэ дэт I-нэ автовокзалыр зэрагъэщIыжыкыну.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балкъэр Республикэм и Правительствэмрэ Урысей Федерацэм федеральнэ гъэзэгуэмкIэ и агентствэмрэ мы Iуэхум теухуауэ зэращIыпIа зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ ирагъэкIуэкIыну ухуэныгъэхэм я гъэзэгъэкIуэдэнущ сом мелуан 40-м щигъу. Апхуэдэ зэхуэдэкIыныгъэхэм къежьапIэ хуэхъуащ мы щIыпIэм къекIуалIэ транспортым и бжыгъэм зэрыкхъуар.

Транспорт куэдыщэ зэрыщэтрихьэм кIрикIуэнкIэ хъуну шынагъэхэм я мызакъуэу, абы гугъу ирегъэкъ автомобиль зезыгъакIуэхэри абыхэм Iуэхутхьэбэз зыхуащIэхэри.

Лэжьыгъэхэм трагъэКIуэдэну ахъшэм и проценти 5-р республикэ мылькым къыхэкIыщ, адрей мылькымкIэ зи гугъу тIщ агентствэр кьадэIэпыкъунущ. КъэпщытакIуэхэм къыхэрагъэльагъуэмкIэ, 2011 гъэм кIриубыдэу I-нэ автовокзалым щIыкIубэм яхуищIа Iуэхутхьэбэм хуэзар сом мелуан 57-м ноблагъэ. Ар мащIэкъым. Зи яжь ихьну хуэунагъэхэр и кIэм нагъэсмэ, мыбы щащIэ Iуэхутхьэбэз зэмылIэужьыгъуэхэм я бжыгъэм къыхэрагъэхьэну Iэмал яГъэтынущ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

Къэралым и Правительствэм фIыщIэ къыхуещI

Урысей Федерацэм и Правительствэм 2011 гъэм дыгъэгъазэм и 22-м къыдигъэкIа Унафэ № 2317-мкIэ УФ-м и Федеральнэ антимонопольнэ кIуалыкъущIапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI **Пщынэ Къазбэч Хьэлим и къуэм** фIыщIэ къыхуищIащ «Iэпеуэм зегъэужьыным, монопольнэ лэжьыгъэ къэмыгъэхъуным, ар гъэмэщIэным, кIыхьэпыдыным хуэунэтIа къэрал политикэр пхыгъэкIыным езым и цIыкIэ куэд зэрыхищIыхьам папщIэ».

Урысей Федерацэм 2-нэ класс зиIэ и къэрал чэнджэщэгъу Пщынэ Къазбэч УФ-м и Федеральнэ антимонопольнэ кIуалыкъущIапIэм и Управленэу КъБР-м щIым 2005 гъэм и мэлыжьыхь пIэндзэр я унафэщIу. ЩIэныгъэ нэхъыщхьэу тIу иIэщ: Къэбэрдей-Балкъэр къэрал университетыр «бухгалтер учетымрэ аудитымрэ» ЩIыпIэмкIэ 1996 гъэм, Кавказ Ищхьэрэм къэрал кIуалыкъумкIэ и академиер «юриспруденция» ЩIагъэмкIэ 2003 гъэм кIыуащ. Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и экономистщ.

Налшык къалэ

ЗэхуэакIыныгъэ игъуэтынущ

Iуэхур пхызыгъэкIахэм икIи жиIащ «а махуэр дыщэпскIэ франджыжьымрэ ермэлыхэмрэ я зэныбжьэгъугъэм и тхыдэм зэрырытэнур. АбыкIэ Франджыж къыгъэлъагъущ лъэпкъхэм я къыщхьэщыжакIуэ пэжу дуней псом зэрыщIыщытыр».

Тыркур хуабжьу игъэгубжьащ зи гугъу тщIы законопроектым. Абы и премьер-министр Эрдоган жиIащ Франджым хуиIэ дипломат щытыкIэхэр зэпэиудыну зэрыхьэзырыр.

Фигу къэдгъэкIыжьынщи, XIX лIэщIыгъуэм и кIэухэм - XX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм Тыркум ермэлыхэр зэхэзехуэн ищIащ икIи 1915 гъэм а лъэпкъым щыщу цыху мелуанрэ ныкъуэрэ зэтриукIауэ хуагъэфащэ. Абы щыгъуэм щыIа лъэпкъгъэкIуэдыр къалъытакIащ Уругвайм, Урысейм, Франджым, Италием, Германием, иджыри къаралыгъуэ 16-м.

Iуэхур зэхагъэкIауэ къалъытэ

Урысейм и Следственнэ комитетым зэхигъэкIащ «Домодедово» аэропортым илъэс и пэкIэ къыщыхьуа теракт зи Iэужьхэр.

Яндиев зэкъуэщхэм, Евлоев Ахьмэд, Хамхоев Башир сымэ ехьалIа уголовнэ Iуэхум теухуа лэжьыгъэхэр Урысейм и Следственнэ комитетым и Следственнэ управленэ нэхъыщхьэм зэфIигъэкIащ. Иджы ахэр суд пащхьэм иувэнущ.

Илъэс и пэкIэ «Домодедово» аэропортым къыщыхьуа терактым цIыху 37-рэ хэкIуэдащ, 120-м фэбжь хахащ. Ар ягъэхьэзырауэ къалъытэ Яндиев зэкъуэшхэм, Евлоевым, Хамхоевым. ЛагъымкIэ къэзыгъэуар абдежым щыхэкIуэдащ.

Щ Iыдагъэм и уасэр доуей

Ираным и деж щIыдагъэ дапэкIэ къыщимыщэхуну

Евросоюзым унафэ къызэриштам «дыщэ фIыщIэм» и уасэр дригъуэенщ икIи зы баррелым хуэзэр доллари 110-м щIигъэгъуащ.

ЕС и унафэм ипкъ иткIэ, мы гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу абы хьыхь къаралыгъуэ псоми Ираным и деж щIыдагъэр къыщIэщхьэн къанэ щымыIэу щагъэтын хуейщ. Армырами иджыпсту щытыкIэ гугъум ит Европэм и къэрал куэдым я экономикэм апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэр хуабжьу зэрар зэрыхъэхъунум шэч хэлъкъым. Щапхъэу урикъунщ ди континентым къраща Ираным и щIыдагъэм и процент 68-р Алыджым, Италием, Испанием зэрыIэрыхьэр.Ахэращ нэхъыбэу экономикэм и крисисым зэщIищтар.

Ираным жиIащ, Евросоюзым и мурадхэр гъэзэщIэн щIидзэмэ, щIыдагъэр зэрагъэIэпэхуэ тенджжь гъэуганэ нэхъ ин дыдэу Перс псыдэльэдапIэм щыIэ Ормуз дыхьэпIэр зэрызэхуищIынур.

Долларри еврэри йохуэх

ММВБ-м дыгъуасэ щекIуэкIа, псоми я зэхуэдэ сатум нобэ валютэм и уасэнур щагъэбзыхуащ.

Абы ипкъ иткIэ 1 долларим и уасэр кIэпIейкIэ 46-кIэ ехуэхащ икIи сом 30-рэ кIэпIейкIэ 87-рэ хуащI, 1-евроми и лъапIагъми кIэпIейкIэ 18 кIэрыхуащ икIи сом 40-рэ кIэпIейкIэ 41-м нэсащ.

НОБЭ

●1919 гъэм Деникин и дзэхэм Налшык яубыдащ.

●Стахановым и лэжьэкIэ пэрытым теувА гупышуэ лъакъуэрыгъажэкIэ Къэбэрдей-Балкъэрым и кIалащхьэм 1936 гъэм зэкIуащ.

●Сабий усакIэ **Щоджэн Лесиновичь** 1935 гъэм кIалъхуащ.

●Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ, Къэбэрдей-Балкъэрым и щIыхубэ егъэджакIуэ **Щад Аджэрий** къызэралъхурэ илъэс 65-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

Республикэм пшэ щытепльнущ, щIыпIэ-щIыпIэхэм уэс мащIэ къыщыкъуэну хуаГъэфащэ. Махуэм щIыIэу градуси 8 - 10, жащым щIыIэу градус 11 - 13 щыIэнущ.

Планэлэр зыгъэхьэзырар **ЖЫЛАСЭ Заурбэчщ.**

Къэралым и Правительствэм и Унафэ

2012 гъэм щIышылэм и 23-м ***№10- рп***

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и «Республикэ клиникэ сабий сымаджэщ» узынщагъэр хуэмэныкIэ Къэралым Iуэхущ IапIэм 2012 гъэм щIышылэм и 1-м щегъэжьауэ щIышылэм и 20-м нэсыху кIрыубыдэу сабий кIалъхуагъэхэр щIыщIэлIыкIам и щIэныгъэ зэхэгъэкIын мурадкIэ:

1. Комиссэ кIыззэгъэпэщын, мы къэрал Iуэхущ IапIэм Iуэхур зэрыгъэлъагъуэ щыгъуэ:

Гертер И. К.- Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ IыпIэ *(комиссэм и унафэщIу)*

Абрэдж I. Хь. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ IыпIэ и япэ къуэдзэр *(комиссэм и унафэщIым и къуэдзэщ)*

Мамхэтэ И. Я. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм Узынщагъэр хуэмэныкIэ и министерствэм и къудамэм и унафэщ IыпIэр

Мэремыдэу Ф. А. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм Узынщагъэр хуэмэныкIэ и министерствэм и сабий дохутыр нэхъыщхьэр

Iуэгъуз С. А. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и дежь сабийм и хуитыныгъэхэмкIэ щыIэ уполномочнэр *(зэгурыIуауэ)*

Уэрэн А. Хь. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм узынщагъэр хуэмэныкIэ и министерствэм и къуэдзэр

Хутуевэ С. Хь. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм Узынщагъэр хуэмэныкIэ и министерствэм и «Аллергологиемрэ дЭпыкъунигъэ хэха къызэрэпэщынымкIэ центр» узынщагъэр хуэмэныкIэ къэрал Iуэхущ IапIэм и дохутыр нэхъыщхьэр, Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм узынщагъэр хуэмэныкIэ, демографие политикэмрэ экологиемкIэ и комиссэм и унафэщ IыпIэр *(зэгурыIуауэ)*

Щоджэн Ю. С. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм Узынщагъэр хуэмэныкIэ и министерствэм и къудамэм и унафэщ IыпIэр

ШIыхьуэ Т. П. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм Узынщагъэр хуэмэныкIэ и министерствэм и неонатолог дохутыр нэхъыщхьэр

Ефэнды Р. Къ. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ IыпIэм и чэнджэщэгъэр

Эфендиевэ М. Къ. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм Узынщагъэр хуэмэныкIэ и министерствэм и сабий анестизиолог-реаниматолог дохутыр нэхъыщхьэр

Яськов О. В. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм узынщагъэр хуэмэныкIэ и лэжьакIуэхэм я профсоюзым и республикэ комитетым и унафэщ IыпIэ *(зэгурыIуауэ).*

2. Комиссэм хуэгъэувын Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Iэтащхьэм иратыну докладым папщIэ мы Iуэхум теухуа кIэух информацэр махуи 7-м кIрыубыдэу нигъэхъэзырыну.

3. Мы Унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыныр си пщэ изолъхьэж.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ I ГЕРТЕР Иван.

● Къэрал Iуэхущ IапIэхэм

Проектхэр гъэзэщIэн щIадзэ

Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм и Жылагъуэ советым и еплIанэ конференцыр щIышылэм и 19-м Черкесск щекIуэкIащ. Абы щыгъэпкъраха окрутым туристрекреацэ кластерым зышегъэужьыным пыщIа Iуэхуэхуэхэр, Гулькъэ хуэа хуэищащ экологиер хъэмэным екъэлIауэ къуэ кIалIэхэм.

УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэ Хлопонин Александр кIыхьэгъащIащ округым хьыкъэ дэтхэнэ щIыналъэрэ зыхуэдэ щIымкIэ щIыуэпсэ гъэтIылыгъэсэжьмкIэ зэрыкъуолIэр, аэрэ егупсысауэ къэгъэсэбэныныр, экономикэм дежкIэ фейдэ зыпылъ IэнатIэу зэтеубгъэнымр, курорт щIыпIэхэм я экологие щытыкIэм хуэсакъынымр КИФЩI-м и социально-экономикэ зыужьынигъэм и стратегием и къалэм нэхъыщхьэхэм зэращIыщыр.

- Абыхэм ятеухуа проектыщIэ зыбжанэ гъэзэщIэн щIадзащ, Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI экспертэхр, жылагъуэ лэжьигъэм щыпэрытхэр ди щIэгъэкъуэну мы IэнатIэм къыщыгъэпIалъэ лъэпощхьэпохэр зыхуэдэр, тIэщIэкIынкIэ хъуну щыуагъэхэр нобэ зэгъэщIэным икIи гъэбелджылыным мыхьэнэшхуэ иIэщ, «къинтхьэгъэщ полномочнэ лIыкIуэм.

Хлопонин Александр кIыхьэуэсахэр кынгъэгугъащ Жылагъуэ сОветым хэтхэм кIыхалъхьа Iуэхугъуэ нэхъ гъэщIэгъуэнэхэр къэралым и унафэщIхэм яIэригъэхьэжьну. Апхуэдэу ар кIыгъеувIащ мы зэманым курорт щIыпIэхэм я щытыкIэхэм. Япэ проектхэр ирагъэжьащ, кIымыдэкIэ, «Архызы» комплексым лъжэкIэ къэжьхьыным щыщIадзэ хъунущ. Полномочнэ лIыкIуэм кIыгъэгугъащ а Iуэхур мыгувэу захриГъэублэну.

● Налшык къалэ

ЗэхуэакIыныгъэ игъуэтынущ

Тыркуэм я губгъэн къехь

Франджым и сенатым иджыблагъэ къыщащта законопроектым ипкъ иткIэ, лъэпкъгъэкIуэдыр (геноцидыр) зэрыщыIар мыпхэу зыгъэIуэм уголовнэ жэуап ихьынущ.

ЛъэпкъгъэкIуэд зэращIылIаУэ Франджым официальнэу къыльытахэм яхьхьэ ергэмэлыхэри. Законопроектым къаралым и парламентым и илъабжьэ палатэм - Лъэпкъ Зэхуэсым - дыгъэгъазэм и 22-м къыщащтакIащ. Иджы президентым Iэ щIидзыжмэ, къару игъуэтынущ.

Армением нэгъэущ къэрал IуэхуэхэмкIэ и министр Налбандян фIыщIэ ин яхуищIащ Iуэхур пхызыгъэкIахэм икIи жиIащ «а махуэр дыщэпскIэ франджыжьымрэ ермэлыхэмрэ я зэныбжьэгъугъэм и тхыдэм зэрырытэнур. АбыкIэ Франджым къыгъэлъагъущ лъэпкъхэм я къыщхьэщыжакIуэ пэжу дуней псом зэрыщIыщытыр».

Тыркур хуабжьу игъэгубжьащ зи гугъу тщIы законопроектым. Абы и премьер-министр Эрдоган жиIащ Франджым хуиIэ дипломат щытыкIэхэр зэпэиудыну зэрыхьэзырыр.

Фигу къэдгъэкIыжьынщи, XIX лIэщIыгъуэм и кIэухэм - XX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм Тыркум ермэлыхэр зэхэзехуэн ищIащ икIи 1915 гъэм а лъэпкъым щыщу цыху мелуанрэ ныкъуэрэ зэтриукIауэ хуагъэфащэ. Абы щыгъуэм щыIа лъэпкъгъэкIуэдыр къалъытакIащ Уругвайм, Урысейм, Франджым, Италием, Германием, иджыри къаралыгъуэ 16-м.

Щ Iыдагъэм и уасэр доуей

Ираным и деж щIыдагъэ дапэкIэ къыщимыщэхуну

Евросоюзым унафэ къызэриштам «дыщэ фIыщIэм» и уасэр дригъуэенщ икIи зы баррелым хуэзэр доллари 110-м щIигъэгъуащ.

ЕС и унафэм ипкъ иткIэ, мы гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу абы хьыхь къаралыгъуэ псоми Ираным и деж щIыдагъэр къыщIэщхьэн къанэ щымыIэу щагъэтын хуейщ. Армырами иджыпсту щытыкIэ гугъум ит Европэм и къэрал куэдым я экономикэм апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэр хуабжьу зэрар зэрыхъэхъунум шэч хэлъкъым. Щапхъэу урикъунщ ди континентым къраща Ираным и щIыдагъэм и процент 68-р Алыджым, Италием, Испанием зэрыIэрыхьэр.Ахэращ нэхъыбэу экономикэм и крисисым зэщIищтар.

Ираным жиIащ, Евросоюзым и мурадхэр гъэзэщIэн щIидзэмэ, щIыдагъэр зэрагъэIэпэхуэ тенджжь гъэуганэ нэхъ ин дыдэу Перс псыдэльэдапIэм щыIэ Ормуз дыхьэпIэр зэрызэхуищIынур.

Щ Iыдагъэм и уасэр доуей

Ираным и деж щIыдагъэ дапэкIэ къыщимыщэхуну

Евросоюзым унафэ къызэриштам «дыщэ фIыщIэм» и уасэр дригъуэенщ икIи зы баррелым хуэзэр доллари 110-м щIигъэгъуащ.

ЕС и унафэм ипкъ иткIэ, мы гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу абы хьыхь къаралыгъуэ псоми Ираным и деж щIыдагъэр къыщIэщхьэн къанэ щымыIэу щагъэтын хуейщ. Армырами иджыпсту щытыкIэ гугъум ит Европэм и

Лъэпкъ сЪездым зыхуагъэхьэзыр

АДЫГЕЙ. ***«Адыгэ Хасэ - Шэрджэс Парламент» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и зи мычэзу зэIущIэм кIыззэрыщыхьатхьам ипкъ иткIэ, Адыгейм и щыпсэу адыгэхэм я съезд мазаем и 11-м Мейкъуапэ щекIуэкIынущ.***

ЗЭХУЭСЫР нэхъыщхьэу зыхуэунэтIар Сириеи щызэфIэува политикэ, социальнэ щытыкIэ гугъум къыхэкIыу абы щыпсэу ди лъэпкъгъуэм защIэгъэхьэныным и хэкIыпIэхэр зэбзыхурыщ.

Фигу къэдгъэкIыжьынщи, Сириеи щыпсэу адыгэхэр (шэрджэсхэр) я адэжь лъахэм щетIысэхыжьыну хуит ящIыну мэлъаIуэ. Апхуэдэ тхыгъэкIэ абыхэм зыхуагъэзащI Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий, Адыгейм и Iэтащхьэ ТхьэкIуэшынэ Аслъэнджерий, республикэм и Къэрал Советым - Хасэм.

Сабий 200-м щIигъу унагъуэхэм зрашалIэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***«Адэ-анэ къызэрыхьэзэщIыныгъэ социальнэ проектым республикэм щIу пэтми зышеужь. Абы и фIыгъэкIэ, илъэс кIуам сабий 203-м унагъуэщхьэр ягъуэтащ.***

КЪУЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС, хамэ мыхъуу, аэр псори Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щыщ унагъуэхэм зэрызрашэлIар. Жылагъуэм сабий зеинщэхэм гу лърагъэтэн, а щIыкIуэм адэ-анэ, я унагъуэ яIэжьи папщIэ лэжьыгъэшхуэ зэфIахын хуейт. АбыкIэ сэбэн хуащI къэрал хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэри.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Акъылыр жыжьэ маплъэ, нэр абы и лъагъуэм ирокIуэ.

Экономикэмрэ егъэджэныгъэмрэ я зэпыщIэныгъэрщ Урысейр къэзыгъэщIэрэщIэжынур

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Путин Владимир кьыз эрильытэмкIэ, къэралым и экономикэщIэр зыхуэгъэпсауэ щытыпхъэр щIэныгъэ лъагэрэ жэуаплинымкIэ инрэ зыбгъэдэлъ цIыхуэхэр. Къэрал по литикэр зэрыщытыу хуэунэтIын хуеищ технологие лъэгэм тещIыхьа, лэжьапIэщIэхуэ кьызыпIэжыIэ IэнатIэщIэу мелуан 25-рэ кьызэгъэпэщыным теухуа лъпкъыпсо кьалэным. Путин Владимир кьызэрильытэмкIэ, ар цIыхухэр кьыдахьэхьан папщIэ зэхальхьа псалъэ дахэ хуеди дейуэ щыткъым. Егъэджэныгъэр икIэщIыпIэкIэ егъэфIэкIуэным Урысейр зэкIэрихьуэкIыищ. Премьер-министрым кьыхитъащхьэхуIаф «кризисым и къыкIэлыкIуэ лъэхъэнэм дызэрыхуэщIамрэ абы екъэлIауэ ди жьыгъуэм и щытыкIэмрэ» нобэ егупсысыпхъэ кьызэрилъытэр. «Дэ ди Iэн хуейщ зызыужь жылагьуэм кьыпщыт Iэнатl э нэхъ гугъу дыдэхэм пэрыуэфын папщIэ зыхуэфащэ щIэныгъэ зыбгъэдэлъ цIыхуэхэр».

Щэч кьыщытепхьэн щыIэкъым егъэджэныгъэм апхуэдэу зегъэужьыным екъуIIэныгъэ инрэ зыбгъэдэлъ цIыхуэхэр. Къэрал по литикэр зэрыщытыу хуэунэтIын хуеищ технологие лъэгэм тещIыхьа, лэжьапIэщIэхуэ кьызыпIэжыIэ IэнатIэщIэу мелуан 25-рэ кьызэгъэпэщыным теухуа лъпкъыпсо кьалэным. Путин Владимир кьызэрильытэмкIэ, ар цIыхухэр кьыдахьэхьан папщIэ зэхальхьа псалъэ дахэ хуеди дейуэ щыткъым. Егъэджэныгъэр икIэщIыпIэкIэ егъэфIэкIуэным Урысейр зэкIэрихьуэкIыищ. Премьер-министрым кьыхитъащхьэхуIаф «кризисым и къыкIэлыкIуэ лъэхъэнэм дызэрыхуэщIамрэ абы екъэлIауэ ди жьыгъуэм и щытыкIэмрэ» нобэ егупсысыпхъэ кьызэрильытэр. «Дэ ди Iэн хуейщ зызыужь жылагьуэм кьыпщыт Iэнатl э нэхъ гугъу дыдэхэм пэрыуэфын папщIэ зыхуэфащэ щIэныгъэ зыбгъэдэлъ цIыхуэхэр».

Щэч кьыщытепхьэн щыIэкъым егъэджэныгъэм апхуэдэу зегъэужьыным екъуIIэныгъэ инрэ зыбгъэдэлъ цIыхуэхэр щIалэхэр щыкуэдщ. Абыхэм яхэтщ олимпиадэхэм, зэпеуэхэм щытекIуаэхэр, стипендие хэхахэр кьрату еджэхэр, инновацэ проект хьэлэмэтхэр зэхэзылъхьахэр. Ноби кьэкIуэну зэман гъуэгъуми дэ тегъэщIапIэ нэхъыщхьэу ди Iэн хуейр ахэрщ. Щэч хэмылъу, къхуэу зэфIэкIыщхуэ зыбгъэдэлъхэм ядэIепыкIуэхьэщ, ауэ абы кьыдэкIуэу егупсысын хуейщ кьратыным пэплъэу псэуну зи мурадкэр нэхъ мащIэ щыныр. Щалэгъуалэм зэи ящыгъупщэхуныкьым къэралым и пащхьэ жэуап зэрыщахьыр, цIыхуэтыкIэмрэ гъэсэныгъэмрэ хьэл нэхъыщхьэхэм зэращыр, лъэпкым, кьыхаха Iуэхум хуэпэжыну кьаэзэрыбгъэдэхуэр. Iэнатl э зиIэхэм, Iэщlагъэ дяпэкIэ зэзыгъэгъуэтыныхэм езыхэм яхуэфащэ увыпIэр гъащIэм щаубыдыкнущ. Республикэм и депутатхэр дяпэкIи елэжьынущ IэщlагъэлI ныбжьыщIэхэр тэмэму лэжьэн папщIэ социальнэ щэсыпIэхэр кьахуэгъэпэщыным. Сэ быдэу си фIэщ мэхъу: экономикэмрэ егъэджэныгъэмрэ Путин Владимир зэрыжиIэм хуэдэу зэпыщIауэ щытыным У рысейр инэжьыпIэдэ кьызэрягъэщIэрэщIэжьынур, зэрыригъэфIэкIуэнур, ди къэралым и дэхэнэ щIыналъэмэ щIалэгъуалэ, демографие политикэр щыпхьэгъэкIыным кIэ сэбэп зэрыхьунур.

ЗэхъэжьIыкIыгъэхэм я купщIэу жыпIэ хъунущ «зэпымыууэ зызыужь, абы кьыдэкIуэу зэпIэзэрыту икIи зэтету ящIэкIэ кIуатэ къэрал зэхэтыкIэу цIыхухэм социальнэ щэсыпIэхэр кьахуэзэзыгъэпэщ зэтегъэуэвэнщр Урысейм щыгъэфIэгъэкIыныр» езым и кьалэну кьызэрильытэм теухуауэ Путин Владимир кьыхихьэхуида псалъэхэр.

Сэ кьызэрысыщхьуамкIэ, Путин Владимир и тхыгъэр - ар къэралымрэ абы исхэмрэ я кьэкIуэнум гурэ псэкIэ телажьэ цIыхум и псальэщ. Ар фэрэщIагъ лъэпкъ хэмылъу топсэлъыхь езыр зыгъэпIейтейхэм, хэхыныгъэхэр егъэкIу экIыным кьыдэкIуэу, гъатхэпэм и 4-м нужьыкIи къэралыр зэрыпсэхуэм. Урысейр дунейм и къэрал нэхъ ин дыдэхэм ящыщу щытын папщIэ зэрыфэщэн зэфIэкIкIэр иIэщ.Ахэр кьызэрагъэсэбэпыпхъэр, япэкIэ зэфIигъэкIаэр щIэгъэкьуэн къыщIурэ, къэралыр япэкIэ зэрыкIуэтэну щIыкIэр, ди цIыхухэм яхуэфэщэн гъащIэ зэрызэтегъэуваплхъэр Iупщу кьыхоущ мы тхыгъэм.

ЧЕЧЕНОВ Ануар,
КъБР-м и Парламентым и УнафэщI.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Унэхэр ухуэным егъэщIылIа проектхэм я щIыналъэ пщалъхэр щыгъэувыным и Iуэхукъ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2011 гъэм дыгъэгъазэм и 30-м *№446-ПП*

Урысей Федерацэм Унэхэр ухуэнымкIэ и кодексым и 24-нэ статьям и 5-нэ, 5.1-нэ Iыхьэхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Унэхэр щыгъуэнымкIэ и министерствэм и Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закону 2006 гъэм щыщхьэIум и 5-м кьыдэкIа №66-РЗ-м и 19-нэ статьям и 7-нэ, 8-нэ Iыхьэхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Унэхэм я проектхэм я щIыналъэ мардэхэр щыгъэхьэзырыным и Iуэхукъ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэу 2010 гъэм дыгъэгъазэм и 22-м кьыдэкIа №230-ПП-м я пкъ ит кIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм унафэ ещI:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Унэхэр зэрыщагъуэ проектхэм я щIыналъэ пщалъхэу мы Унафэм щIыгъуэхэр 2012 гъэм щышыпэм и 1-м кьыщыщIэдзауэ кьэщтэн икIи абыхэм кьару егъэгъуэтын.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ухуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ и министерствэм (Мамий А. А.) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Унэхэр зэрыщагъуэ проектхэм я щIыналъэ пщалъхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ухуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ и министерствэм и официальнэ сайтымкIэ Интернетым иралъхьэныр къызэригъэпэщыну.

3. Унэхэм я проектхэм я щIыналъэ пщалъхэр щагубзыхукIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ къызэгъэпэщыныгъэхэм я Iэтащхьэхэм яхуэзэгъэльэгъуэн унэхэм я проектхэм я щIыналъэ пщалъхэр щагъэхьэзыркIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм унэхэм я проектхэм я щIыналъэ пщалъхэу мы Унафэм и 1-нэ пунктымкIэ ягъэувар къалытэну.

4. Мы Унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъплъыну къалэн щыщIын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и яп къуэдзэ Абрэдж I. Хь.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ ГЕРТЕР Иван.

● Май куей

«Этана» ООО-р зыхуеину псэуалъэхэр яухуэ

Кавказ Ищхьэрэм зэрызиужьыным и къэрал программэр щIыналъэм и социально-экономикэ Iуэхугъуэхэр зэфIэхьыныгкIэ мыхьэнэщхуэ зиIэ хэкIыпIэу увын хуейщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым ейуэ абы хагъэхьащ япэ игъэщIапхъэ инвестиц проектэ 29-рэ. Апхуэдизщ Май муниципальнэ районым ухуэн зыщыщIадза полиэтиленитерефталатым щелэжьыну заводыр.

ЩIыпIэ администрацэм игъэхьэзыращ икIи зэхуигъэкIуащ абы щIы Iыхьэ хуэхэныным, ар мэкъумэш щIапIэхэм кьыхахъэкIыу промышленнэ мыкъэнэ зиIэхэм хагъэхьэн папщIэ зыхуей тхыпхъэр. Октябрьскэ поселкэм заводыщIэм гектар 60 щыхупачащ. КьишыгэмышIауэ, гектар 20-м псэупIэ унэу 150-рэ щауэгъэнущ, апхуэдизым псы гъэхъэбзапIэхэмрэ бдзэжьей гъэхъупIэрэ щагухэунущ.

Нэгъабэ дыгъэгъазэм и 28-м зэхэта аукционым и ужькIэ, подрядчикым ухуэнырэм щIидзащ. Мы зэманым Урысей Федерацэм ИнвестицэмкIэ и фондым и хьэжкIэ сом зы мелардэ мелуан щитхуэ я и уасэ лэжьыгъэ зэфIагъэкIащ. Iухуэныгъэм кьыщагъэсэбэпыну техникэр щIызэрахьэну щIыпIэр зыхуей хуагъэзащ, токыр падзащ, трансформаторыр ягъэуващ. Псэуалъэм и лъабжьэр, километри 8 и кIыхьагъэу, метр 50 и бгъуагъэу яухуэну автомобиль гъэзгум и щхьэфэр гъэхьэзырын щIадзащ.

«Этана» ООО-м и унафэщI **Iэщын Сергей** къызэрыджиламкIэ, заводым и мурад нэхъыщхьэр Урысей Ипщэм и мэкъумэш Iэнатlм и лэжьакIуэхэр экологием кьитIасэ продукцэ кьабзэкIэ къызэгъэпэщынырщ.

ЮРЧЕНКЭ Наталье.

● Аруан куей

Зэшхэм я Iуэхущlафэр

Аруан муниципальнэ куейм щыщ Черкэ Речкэ къуажэм хьэрычэтыщIэ Iэнатlэ мышIэмрэ курыгъэмрэ зышIуажь. Псом хуэмыдуэ «Сибэчхэ» КФХ-м и лэжьыгъэр мы зэманым хъарзынэу кьохъулIэ. Сибэчхэ зэкъуэшипIлым - Жэбрэил, Мэчрэил, Сафрэил, Борис сымэ зэтрауухуа консерв заводым хадэхэкIэр щагъэфIэIу.

IУЭХУЩIАПIЭМ щыIуэ гектар 20 иныгъщ: 10-р бэджэнду зэрехьэ, апхуэдизыр я унейщ. Гектари 10-м нащэр помидоррэ щагъэкI. Аэр Москва, Томск, Тюмень, Воронеж, Красноярск къалэхэм, Дагыстэн, Осетие Ищхьэрэ-Алание республикэхэм зэуIуу щашэ.

- Ди гъэкьыгъэм щыщIэдза 1996 гъэм, зэшхэм щы Iыхьэ бэджэнду къаштэри, пхъэм щелэжь ещ тщIауэ щытащ. ИужькIэ, хуэм-хуэмурэ консерв заводыр дуухуащ. ЗэкIэ лъэпощхьэпо щыIэкъым, - жеIэ Сибэч Борис. - Гъэ кIуэм горох щхьэнтIэу тонни 120-рэ, помидору тонн 60, нащэу тонн 500 банкIэхэм итлъхьащ, къэбыстэу тонн 40-м нэблагъэ дгъэфIэIуащ. Нашышк дэт консерв заводым щыпыщIащ. ЗэгурыIуныгъэ зэтщыпIауэ, я горох щхьэнтIэр абы кьыIыдох. Дэ псым кьетхьэлIэм нэмыщI, дыхьурымыкъу нащэмрэ помидорымрэ нэгъуэщI щыпIэхэм кьыщыдощэху. Аруан муниципальнэ куейм хьэрычэт IэнатIэ мыинхэм защIэгъэкIуэныкIэ и фондыр кьыддоIэпыкъу. Иужьрей ильэситIым абы кредиту сом мелуани 2-кIэ зыкъыщIигъэкъуащ. Иджыпсту абдж банкIэр зыдогъэпэщ, заводыр мыгъэрей лэжьыгъэм худогъэхьэзыр, Iэмэпсымэхэр зэтыдоухуэ. Зэрыхабзэу, мэкъумэзугъуэм нкуэм горо хыр ильхьэн щIэддзэнущ. А лъэхъэнэм щыху 40 - 45-рэ хуэдизкьыдощэ. Мазэм ику ити сом мин 12 - 15 кьыдогъэлэжь, мин 25-рэ кьэзыхьи яхэтщ. Хозяйствэм зедгъэубгъэну ди мурадщ. IэфынкIэ кьыщыщIэдгъэкIыну цех мыин кьызэIутхыну ди гущIэгъуэ.

Сибэч зэкъуэшхэр бдзэжьей гъэхъунми жьыдэжр хэтщ. Гектар 30 хьуэз гуэлищ зэрахьэри, тIум щыхухэр бдзэжьей щрагъащэ, адрейм ар щагъэ хьу.

БАГЪЭТЫР/Iунэз.

Налшык къалэм щыщ куэд унагьуэм кьыщагъэсэбэп щыхьи и зарагкIэ сымаджэ зэрыхъуам кьыхэкIыу, уголовнэ Iуэху къэIэтыным теухуауэ къащта унафэр республикам и прокуратурэм кьипщытащ икIи хабзэм къезэгъыу кьиIытащ.

НАЛШЫК къалэм и прокуратурэм къалэн щиIащ уголовнэ Iуэхур зэрыщэхагъэкIыр кIэлъыплъыныгъэ хэхам щIигъэувэу ПаIъэ гъэбеджьыкъам кьитIасэу ар и кIэм нагъэсыныкIи зыхуэфащэ унафэ щыIэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

И нэIэ тригъэтщ

тращIыхьыныр законым тету кьызэригъэпэщыну.

Уголовнэ Iуэхур зэрызэхагъэкIыр республикэм и прокуратурэм и нэIэ тригъэтщ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ IапIэ.

● Щlымахуэ теплъэгъуэжэр



Къэбэрдей къэрал драмэ театрымрэ ХьэтIохъущокъуэ ХьэтIэхъущыкъуэ и цIэр зезыхь Налшык паркымрэ уэсым исеящ. *Сурэтхэр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Прохладнэ кьалэ окрутым и хэхакIуэ комиссэм и полномочиехэр Прохладнэ кьалэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм етыным и Iуэхукъ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэ

2011 гъэм дыгъэгъазэм и 20-м Налшык къалэ №21/10-5

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэмкIэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтыныкIэ яIэ хуитыныгъэмрэ къызэгъэпэщынымкIэ щэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я Iуэхукъ» Федеральнэ законым и 24-нэ статьям и пункт 4-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я Iуэхукъ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 1-нэ статьям и Iыхьэ 4-м, Прохладнэ кьалэ округым щыпIэ унафэр зезыгъакIуэ и советым зэрызыкьыгъэзгъэм япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм **унафэ ещI:**

1. Прохладнэ кьалэ окрутым и хэхакIуэ комиссэм и полномочиехэр Прохладнэ кьалэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм етын.

2. Мы Унафэр цIыхуфэ хьыбарегъащIэ Iуэхущ IапIэхэм къытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм Интернетым щиIэ сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и УнафэщI ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Секретарь А ТМУРЗАЕВЭ Иринэ

Унафэ кьэзыщтэхэм ящыщу Iуащхьэмахуэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэтым и кьалэнхэм Курданов Сулемен Сэлихь и кьуэм щхьэщыхьным и Iуэхукъ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэ

2011 гъэм дыгъэгъазэм и 20-м Налшык къалэ №21/11-5

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэмкIэ я хуитыныгъэмрэ референдумым хэтыныкIэ яIэ хуитыныгъэмрэ къызэгъэпэщынымкIэ щэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я Iуэхукъ» 2003 гъэм мэкъуаугъуэм и 12-м кьащта Федеральнэ закон №67-ФЗ-м и 29-нэ статьям и пункт 6-м и «а» пункт кьуэдзэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Iуэхукъ» 2003 гъэм мазаем и 18-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №23-РЗ-м и 2-нэ статьям и «е» пунктым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я Iуэхукъ» 2003 гъэм щIышылэм и 8-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №1-РЗ-м и 4-нэ статьям и Iыхь 2-м и «а» пунктым япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм **унафэ ещI:**

1. Унафэ кьэзыщтэхэм ящыщу Шэджэм щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэтым и кьалэнхэр езым кьита лъэIум ипкъ иткIэ нэхъ пасэу щхьэщыхьан Щоджэн Оксанэ Сэ-ряждин и пхъум, «Захуагъэ здэщыIэ Урысей» политикэ партым и щIыналъэ кьудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и лIыкIуэм.

2. Шэджэм щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм кьыхэкIыжам и пIэкIэ хагъэхьэну кьыхалъхьэхэр зэратхыр хэIу-щIыIущIы.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм кьыбгъэдэкI хьыбарегъащIэр кьэштэн (унафэм щIигъущ).

4. Мы Унафэр цIыхуфэ хьыбарегъащIэ Iуэхущ IапIэхэм къытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм Интернетым щиIэ сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и УнафэщI ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Секретарь А ТМУРЗАЕВЭ Иринэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм 2011 гъэм дыгъэгъазэм и 20-м кьыдигъэкIа Унафэ №21/11-5-мкIэ кьыщитащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм

Iуащхьэмахуэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм кьыхэкIыжам и пIэкIэ унафэ кьэзыщтэхэм ящыщу хэхакIуэ комиссэм хагъэхьэнум и кандидатурэм и Iуэхукъ кьыхалъхьэхэр кьызэрыIахьм теухуауэ кьит хьыбар

Унафэ кьэзыщтэхэм ящыщу Iуащхьэмахуэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэтым и полномочиехэр нэхъ пасэу зэрыщыхьащхьэм кьыхэкIыу, «Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэмрэ я хуитыныгъэмрэ референдумым хэтыныкIэ яIэ хуитыныгъэмрэ къызэгъэпэщынымкIэ щэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я Iуэхукъ» Федеральнэ законым и 26-нэ статьям и пункт 6-м тету, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм хьыбар фегъащIэ унафэ кьэзыщтэхэм ящыщу Шэджэм щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм щIэуэ хагъэхьэным и кандидатурэм теухуауэ кьыхалъхьэхэр кьызэрыIихымкIэ.

Документхэр мы Унафэр кьыщытрадзам щегъэжьауэ махуитхукIэ кьыщыIах мы адресымкIэ: **КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 27-нэ унэ, 151-нэ пэш.** *Телефонхэр:* **47-64-42, 40-26-88.**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэ

2012 гъэм гъатхэпэм и 4-м Урысей Федерацэм и Президентыр щыхахкIэ, кандидату ятхахэм, кандидатхэр езыгъэтха политикэ партхэм я заявкэхэм япкъ иткIэ къэрал, муниципальнэ мылькым хиубыдэ пшхэм щIыхь куэд кьызрихьэлIэ агитацэ Iуэхухэр щыщрагъкIуэкIыну зэманыр гъэувыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэ

2012 гъэм щIышылэм и 17-м Налшык къалэ №23/6-5

«Урысей Федерацэм и Президентыр хэхыным и Iуэхукъ» Федеральнэ законым и 54-нэ статьям и Iыхьэхэу 3-мрэ 4-мрэ япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм **унафэ ещI:**

1. ЩIыхуэ куэд кьызрихьэлIэ Iуэхуу зэIущIэ щыкIэу ирагъэкIуэкIэр кьыщызэбгъэпэщ хьуну унэу кьэрал, муниципальнэ мылькым хиубыдэхэр ахэр зыIыгъхэм е зи мылькуу щытхэм кандидату ятхахэм, кандидатхэр езыгъэтха политикэ партхэм я заявкэхэм япкъ иткIэ ират:

лэжьыгъэ махуэхэм - кандидату ятха дэтхэнэ зыми, кандидатыр езыгъэтха дэтхэнэ политикэ партми хуэзэу зы сыхьэтрэ ныкьуэм щIимыгъу зэманкIэ;

зыгъэпсэкуугъуэ махуэхэм, махуэшхуэхэм - кандидату ятха дэтхэнэ зыми, кандидатыр езыгъэтха дэтхэнэ политикэ партми хуэзэу сыхьэтитIым щIимыгъукIэ.

2. Къэрал, муниципальнэ мылькым хиубыдэ унэхэр зыIыгъхэм, зи мылькуу щытхэм, апхуэдизу Урысей Федерацэм и Президентыр хэхыным теухуа унафэр официальнэу кьышытрадза махуэм ирихьэлIэу зи устав мылькым Урысей Федерацэм, Урысей Федерацэм и субъектым, (е) муниципальнэ щIыналъэм и Iыхьэу процент 30-м щIигъу зыхэль организацэхэу цIыху куэд кьызрихьэлIэ агитацэ лэжьыгъэ щрагъкIуэкIын папщIэ зи унэхэр политикэ партхэм езытахэм я кьалэнщ апхуэдэ унафэ щащIа махуэм кьыкIэлыкIуэм нэхъ кIасэ мыхьуу унэр зэратамкIэ, абы папщIэ кьыIахьымкIэ, апхуэдизу агитацэ лэжьыгъэр щекIуэкI лэжьыгъэм а унэр кандидату ятхахэм, кандидатхэр езыгъэтха политикэ партхэм щратыфыну зэманыр кьыщыгъэтхъуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм хьыбар ирагъэщIэну.

3. ЩIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм яхуэзэуэным унэхэр зыIыгъхэр, ахэр зи мылькуу щытхэр мы Унафэм щыгъуазэ ящIыну.

4. Мы Унафэр цIыхуфэ хьыбарегъащIэ Iуэхущ IапIэхэм къытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм Интернетым щиIэ сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и УнафэщI ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Секретарь А ТМУРЗАЕВЭ Иринэ

Унафэ кьэзыщтэхэм ящыщу Шэджэм щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэтым и кьалэнхэр Щоджэн Оксанэ Сэряждин и пхъум щхьэщыхьным и Iуэхукъ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэ

2012 гъэм щIышылэм и 17-м Налшык къалэ №23/1-5

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэмкIэ я хуитыныгъэмрэ референдумым хэтыныкIэ яIэ хуитыныгъэмрэ къызэгъэпэщынымкIэ щэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я Iуэхукъ» 2002 гъэм мэкъуаугъуэм и 12-м кьащта Федеральнэ закон №67-ФЗ-м и 29-нэ статьям и пункт 6-м и «а» пункт кьуэдзэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Iуэхукъ» 2003 гъэм мазаем и 18-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №23-РЗ-м и 2-нэ статьям и «е» пунктым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я Iуэхукъ» 2003 гъэм щIышылэм и 8-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №1-РЗ-м и 4-нэ статьям и Iыхь 2-м и «а» пунктым япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм **унафэ ещI:**

1. Унафэ кьэзыщтэхэм ящыщу Шэджэм щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэтым и кьалэнхэр езым кьита лъэIум ипкъ иткIэ нэхъ пасэу щхьэщыхьан Щоджэн Оксанэ Сэряждин и пхъум, «Захуагъэ здэщыIэ Урысей» политикэ партым и щIыналъэ кьудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и лIыкIуэм.

2. Шэджэм щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм кьыхэкIыжам и пIэкIэ хагъэхьэну кьыхалъхьэхэр зэратхыр хэIу-щIыIущIы щIын.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм кьыбгъэдэкI хьыбарегъащIэр кьэштэн (унафэм щIигъущ).

4. Мы Унафэр цIыхуфэ хьыбарегъащIэ Iуэхущ IапIэхэм къытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм Интернетым щиIэ сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и УнафэщI ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Секретарь А ТМУРЗАЕВЭ Иринэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм 2012 гъэм щIышылэм и 17-м кьыдигъэкIа Унафэ №23/2-5-мкIэ кьыщитащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм

Май щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм кьыхэкIыжам и пIэкIэ унафэ кьэзыщтэхэм ящыщу хагъэхьэнум и кандидатурэм и Iуэхукъ кьыхалъхьэхэр кьызэрыIахьм теухуауэ кьит хьыбар

Унафэ кьэзыщтэхэм ящыщу Май щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэтам и полномочиехэр нэхъ пасэу зэрыщыхьащхьэм кьыхэкIыу, «Урысей Федерацэм и цIыхухэм я хуитыныгъэмрэ я хуитыныгъэмрэ референдумым хэтыныкIэ яIэ хуитыныгъэмрэ къызэгъэпэщынымкIэ щэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я Iуэхукъ» Федеральнэ законым и 26-нэ статьям и пункт 6-м тету, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм хьыбар фегъащIэ унафэ кьэзыщтэхэм ящыщу Май щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм щIэуэ хагъэхьэным и кандидатурэм теухуауэ кьыхалъхьэхэр кьызэрыIихымкIэ.

Документхэр мы Унафэр кьыщытрадзам щегъэжьауэ махуитхукIэ кьыщыIах мы адресымкIэ: **КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 27-нэ унэ, 151-нэ пэш .** *Телефонхэр:* **47-64-42, 40-26-88.**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэ

ГущIэгъумрэ Адыгэ хабзэмрэ

Мы гъэм щыщхьэIум и 13-м ильэс 70 ирикъунущ Бесльэней адыгэ къуажэм (КъШР) дэсхэм Хэку зауэшхуэм и зэманым зэрахьа лIыхъужьыгъэр.

1942 гъэм и мэлыжьыхь мазэм Ленинград къыщежьащ бийм къиуухъуренихьа кIалэм и сабий унэхэм щапI сабий 1500-м щIигъу зэрыс эшелоныр. ЦIыкIуэр мэжэщIалIагъэм, щIыIэм, узымрэ бийм щIэмычэу кIридзыс бомбэхэмрэ къегъэзыпн хуейт. Эшелоным Совет Союзым и ищхьэрэ щIыналъэмкIэ ирогъэIащ.

МафIэгур Армавир нэсауэ, бийм и кхъухьлъатэхэр кIащхьэщIихьэри, бомбэ кIахихIытэу щIидзащ. МафIэгур щIыгъэжьхьутэм, сабийхэр, щыгуэхэм ирагъэтIысхьэри, адажIэ иращIэжащ. Щыгуэм ящыщу плыр Бесльэней нэсащ. Щыгуэхэм иц цIыкIухэр апхуэдизкIэ лъэрымыхьти, кIыIэзрIэзэфIэувэн кIары яГъэдэлыхтэкъым. Къуажэдэсхэм ахэр, унащхьэ чэзууэ зэбграхри, ягъэпщкIуащ икIи а жэщ дыдэм щIэрыпсу я щIыхьэт тхылъхэр хуатхащ. Нэху щыри, къуажэм ираугъэхэр кIыдыхьащ. Фашистхэр щыгъуазэт Бесльэней сабий гуп кIыIэзрашам икIи кIуажэдэсхэр ягъэшынэрт, зэрыжьилэу зэтраукIэну жаIэурэ. АрщхьэкIэ къуажэм зыри кIыдэжьакъым Iуэхум и унэ щIыIэ нэмыцIэм якIрилэну. Зэрыпхъ уакIуэхэр къуажэм зэрыдэса мазэтхэм бесльэнейдэсхэр къэхъащакъым журт сабийхэм ятеухуауэ. Адыгэ хабзэр фашистхэм я Iэщэм нэхъри куэдкIэ нэхъ лъэщу кIыщIэкIащ. А зэманым къуажэдэсхэм сабий 32-рэ кIаргъэлащ. ЦIыкIухэм я нэхъыбэр журт:

Бесльэнейдэсхэм я лIыгъэмрэ Адыгэ хабзэм и лъэщагъымрэ теухуащ мы поэмэр.

Поэмэр щытрадзащ Москва дэт Финанс университетым. А еджапIэ нэхъыщхьэм и ректор, Урысейм щIэныгъэмкIэ щIихь зиIэ и лэжьакIуэ, экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, Бесльэней къуажэм щыхь зиIэ и цIыку Исчынбар Мухьэдин и къуажэгъуэм яхуэгъэзэауэ мыпхуэдэу етх:

«Си къуажэгъу лъапIэхэ!

Хэку зауэшхуэр сответ цIыкIубэм дежкIэ гъэ уэнэхуныгъэ гуГъуу щытащ. А зауэм и фэеплъ махуэ нэхъ лъапIэхэм ящыщ зы къоблагъэ. Ильэс 70 ирикьунущ бийм кIиуухъуренихьа Ленинград кIраша сабий зеиншэхэр Бесльэней къуажэдэсхэм кIыIэзрагъэлрэ. Щэрджэс тхыдэм и напэкIуэцI гугъу дыдэхэм ящыщ зы кIыщыгъэльэгъуэжа поэмэр и щыхьэтщ гуапагъэмрэ гущIэгъуэмрэ зи нагъыщэ нэхъыщхьэу щытащ Адыгэ хабзэр ди унагъуэхэм зэрахьуэфым, лъэпкъ зэхэгъэзэж ямыщIу ахэр дэтхэнэ зыми дэIэпыкъуну зэрыхьэзырым. Си гугъэщ мы поэмэр ди щIэблэр гъэсэнымкIэ щIэгъэкъуэнырфI хъуну».

УЭХЪУТЭ Алек сандр,

Урысей Федерацэм щыпсэу адыгэ зэм я щэнхабзэ автономием и тхьэмадэ.

Кавказ

1.

Дэрэжэгъуэм и кьигъэхьуапIэ,
Псалъэ дахэхэм я лъахэ Кавказ.
УсакIуэ ку эдым ягъэлапIэу,
Уэращ яхуэхуфар Парнас.

УзыIэпишэу бгыжьхэм щхьэщыIэ пшагъуэм
Дихьэхауэ уэсрт Пушкин, фIэтельыджэу
Усыгъэм и пшынальэм хуигъэIэгъуэу
Къуршыхьхэр уардэу кьиэзрыджэр.

Iужажэхэм запигъэIэщIэу
Лермонтов исащ уи куэщIым,
Щтаучым кьыхидз хьуаскIэу
Усэ сатырхэр мывэм хиуIыкIыу.

Мцыри Iэхъу лъэхъуми хуэмыIыигъыу,
ГъэрыпIэм кьокI, щхьэхуитыныгъэрщ
Мы дунеишхуэм щигъэлъагэу
Нэхъ зэрыгушхуэр бгырыс пагэр.

Езэуэфынущ ар кьапльэнми,
Щхьэхуиту хэкум исын папщIэ.
Сытри ишэчу, кьапльэнэфу
Бгырысым ирихьэкIыхьм гъащIэр.

Ихьати Iиблис и Iумэтым,
КьыщищIауэ куэдыщэ мы дунейм,
Демон ириджэгути гухэль хейм,
Кьрихуащ Алыхьым ар жэнэтым.

Мисыр Печорин - зи щхьэм хуэфI лIы гуащIэр -
Зэм темыгушхуащэ у, зэми хьыжьэу,
Месхэр, Мэри кууу я гурыщIэр,
Пэжныгъэм и щапхъэ Хужьи[1]

ЩызэфIэуващ мыбдежьм
Бгырыс лъэпкъ куэдым я хабзэр.
КъекIуэжакIэуэ абы хуэпэжэр,
Мурад нэхъ дахэм зм хуагъабзэу.

Щхьэхуитыныгъэ заузщ я тхыдэр,
Яхъумэу щIыхугъэр, пэжныгъэр, нэмысыр,
Ахэр гъэбгэгъуэныр и мураду
Нобэм къэсыхун мэпсэу бгырысыр.

Романхэм, уэхэм, рассказхэм
Бгырысыр щIихурт лIыхъужь пажэ,
ИIыгъыжьыфIыртри и хабзэр,
Арат щIыхуащIыр щапхъэ пэжым.

Тхыгъэшхуэ зр мыбдеж кьыщагъэщIащ
Гамзатов, Кулиевым, ПащIэм.
И тхыгъэхэм щигъэлъэпIащ Адыгэ хабзэр
УсакIуэшху эу кьащIыхуа Хь убий Назир.

Зимыхьэужу хэлъыр сыт адыгэ гъащIэм,
ЛIэщIыгъуэ бжыгъэ хьуауэ ящыщIыгуагъ уэм,
Жэщыр кьеГъэнэхури уафэхьуэпскIым
Кьырыщхьэ пщIанэм трехужьыр пшагъуэр.

Уэшх блыну зэрольэлъри псыкъельэр,
ЩызэбгрекI ауэым и пшынальэр,
Мывэ джеижьхэр ягъэкIэрахьу эу,
Псыежэх Iэлхэр кьуакIэхэм щогъуахьуэ.

Уафэм зыкьредзыхри мывэу,
Iэзэу бгъэм кьеубыд тхьэкIуэмэкIыхьыр.
Уегъэгушхуэ кьыр дзакIэм кьыт еувэу,
Кьэрэгъулу зыщIипльыхькIэ щIыхьым.

Пщыхьэщхьэм хуэму дыгъэр мэужьыхьыжьыр,
Шыпэ хьаруу триубгъуэу щIым пшэкIэпльыр.
МыпIащIэуэ жейм хилъэфэж кьуажэр
ШыкIэпшынэм щIегъэдэIу пшынальэ.

Мыбы щобаэу щызу узынщагъэр,
Кьыр нэгухэм кьищыр льагъуныгъэщ, лIыгъэщ.
Кьэчэным хуэдзу мывэ кьызэщIэплъэм
Яхъумэ зыщIафауэ лIыхъужьыльыр.

Тыншкъым зэуапIэм уIутыныр,
Дэпхъныр дахэу хьэгъуэлIыгъуэр.
Iэхур тэмэму щыкIуэтэнур
КъызэдаIэтэмэщ зэущIыгъуу.

Зым Iэпыхуар адрейм кьищтэжу
Кьамэм и дзитIу зэрыIыгъым,
Iэубыдыпынщэ вагъуэжу
Ижьынкъым льэпкъым и гурыгъыр.

Шэрджэсхэр

СыщрипльэжкIэ я тхыдэ гъэугуанэм,
ЗэхьIэох лIэщIыгъуэхэм я гъыбзэр.
ГъущIакъым зэи адыгэм и уанэр,
Махуи дэкIакъым джатэр имыгъабзэу.

Льэхъэнэ шынагъуэм и гъуэгу нашэкъашхэм
ЩыхупIэ шынагъуэхэм льэпкъыр щхьэщащэу,
Танма щыщIэдзауэ Каспий нэсыху
Бийхэм щезауэрт, имыIэу псэху.

Атилэ и дзэ фIыцIэр,
Гъабэгэгу зыщт а мацIэу,
КьыпэщIэхуэр зыIурильафэ у благъуэу,
КъуэкIыпIэмкIэ кьыщикIым шынагъуэу,

Зыри пэщIэмытыфу мо емынэм,
Псыр ижьыхьжьыр льэпкъ куэдым я унэм.
Ауэ кьыщысым кавказыбгым,
Абы пэщIэтыфащ адыгэр.

Я мураду агъэгъуныр и къуэпсыр,
Бий Iэджи кьещэкIуащ адыгэм и псэм.
ЦIыхубзхэм яхуэмыубыдыж нэпсыр
ЩIэльадэрт зауэлI гъэрхэр щаIыгъ хьэпсхэм.

Ауэ зауэлIхэр къэмыланджэ жт.
КIуапIэжапIэншэу я псэм еджэу
Адыгэ пщащэм хуэзпещэ
Льыхь уэр кьыз дикIыр куэдыкIейт.
КъигъакIуэрт хьаным, Куржым я пщым,
Уеблэмэ и пащтыхьым Урысейм.

Иуан пащтыхь у ущIэгъ умыщIу,
Зи залымыгъэм щыгъуазэзм дунейр,
Псоми кьахехри щхьэгъусэ ещIыр
Темрыкъуэпщым ипхьу Гъащэнеи.

Адыгэ льэпкъхэм я кьудамэм
Щыщ зым зэреджэр Бес льэнейт.
А льэпкъым и щIалэ кьуданхэр
ЛIыфI я лIыфIыжьхэми я лейт.

Льэпкъ тхыдэм ехьумэ щэху Iэджи,
КъыпфIэщIу гъу эгуэр щэху защIэу зэхаджэу.
А щэху псоми яхэльщ кьару гуэр,
Зэи щыгъупщэх имыщIу гур.

Бесльэней

Джабэ зэхуакухэм щыбжьыфIэ и губгъуэм
Дыгъэм пшэкIэпльыр кьытриубгъуэу,
КьытрильащIу щабэу и бзийр,
Къуажэ Iумахуэу щысщ Бесльэнейр.

Къуажэдэсхэм гъавэ жIыр,
Мэкъу паупщIыр, хьэсэ япщIэ.
Хабзэм и пщIэр ягъэину,
Я бжэр зэIухар я унэм.

Къурш мыл джанэм
Кьыщинхуа псы кьабзэр,
Джабэ задэ хэм тепальэу уэзджынэу,
Инжыдж кьыдольадэ ауэым.

Зы зеинши кьахешэри, имыщIу уэим,
Урыс щIалэ цIыкIым фIещщыр Ибрэхьим.

Сабийхэр ягъэIэпхъуэ

Бийм Ленинград кьиуухъуреихьащи,
ЯмыщIэжу здахьынур я щхьэр,
ЦIыхум ягъуэткъым дыхьэпIи дэкIыпIи.
Гъэлым и мылI гъэгъуэри хьуащ нэщанэу апIэ.

Абы фIащами «ГъащIэм и гъуэгу»,
Псэуэ кьыткIыжьыфыр мащIэщ.
Ажалри хуэхьуащ гущIэгъэ уми дэгу,
Щыхьынншэу цIыхухэр ирехьэх гуэл льащIэм.

Машинэ шэрхъхэр тоцIэнтхъукIыр мылым,
Хоэзрыхьыжьыр пшагъуэ Iувыр IуГъуэм.
Сабий зеиншэм щхьэкIэ узкъым я лыр
Бий хьэщхьэрыIуэу зыфIэжкIуэдам гущIэгъур.

«ФитIысхьэхэ мафIэгум псынщIэу!» -
Унафэу кьыхуащIари ткIийр э кьоIур.
ГъущI гъу эу сатыритIыр ярехьэх,
МафIэгу шэрхъхэр щIэпсынщIэу тоуIуэ.

Сабийхэр хишу мафIэ лыгъэм,
Ажалым кьригъэлынкIэ гугъэу.
КраснодаркIэ еунэтIыр мафIэгум,
Хъарыпп кьомым кьатехьэлъэу гъуэгур.

МафIэгур мажэ, гугъуу гъуэгуанэр,
Емышыжхэу бийм и кхъухьлъатэу
Зи нэрыгъыр ажал зехьэныр,
КIуэ пэтми нэхьри мэятэ.

КъэувыIэпIэ кьэскIэ хощI сабий ныбаджэм,
КхъапIэ яхуэхьуурэ гъуэгу Iуфэ ныджэр.
Кьащытегуплъэм аргуэрыжьу бийр,
ЩызэтоувыIэ эзкIэ Армавир.

Гъуэгур

Дыгъэрыс гъуэгур сабалъэщ,
ЖьыщIэху удзыжьыр хуабэм егъэщхьэлъэ.
Сабийм я гызым, щэрхь кIырГъхэр екьууу,
Гухэм сабэм пхраш я лъэ ужьыр.

Щхыныр яухащ. ЯIэжкъым псы,
Зэрошх сабийхэм я кIэтIийр.
Жылэ гъунэгъуэхэм кърат мылIэIусым
Псэр химыгъэкIыу иIыгъыф къудейщ.

ХуэкIуэжахэу фэмрэ кьупщхьэм,
Сабий лъэрымыхьхэр исщи гуплIым,
Ныбаджэ узыр зыIетгуплI э
ЦIыкIуэхэм кьахуэIэткъым я щхьэр.

ИтIани, гъэщIэгъуэнракъэ,
Мамэ, жиIэу зыри кьыхэгъэкIкъым.
Тхъэмыщкlагъэм кьатригъэ уа жьыфэр
Янкрыт кьыпфIощI мыхьэж узыфэ у.

Гъэмаху э шыIэщ. Дыгъэ гуащIэм
ИгъэгъущIакIэщ уафэ льащIэр.
ПфIэщIырт хуабэм дэжея дунейр,
Шыгухэр щынэсахэм Бесльэней.

Къуажэм

Хадэм щоджабэплъыр мыIэрысэр,
ШэфталымэР зэбгрех акьужьым,
Жьзумейхэм зыщIафыр дыгъэпсыр,
Зэ тIыгъуам хьуэпсэгъуэу зегъэплъыжьыр.

ЗэкIэлъхьэужьу кьуажэм кьыдыхьэ гум,
Псом япэ щIалэ цIыкIухэм льаэри г у,
Жылэм хьыбарыщIэр щызэльащIысыр:
Гу гу эрэхэр кьокIу, зытегущIыкIэ иу ису.

Зэхуожэсри занщIэу хьэблэр,
Ныбаджэ хъуахэм хуахь гъуэмылэ.
Кьыхеху псы цIыкIум акьужь сыхьэр,
Жыг хадэм кьуалэбзум щагъахьэр.

Инжыдж толькъунхэр мывэм иригъалъэу,
Ирехьэхыр уэру и пшынальэр.
КъыпфIощI и уэрэдыр хунгъаджэу
Зеиншэ цIыкIу кьытехьахэм и ныджэм.

Къуажэдэсхэу кьэзыхьахэм шхыныр
Ныбаджэ кьомыр кьыщыIундзэм я нэм,
Льынтку э хьэсыкъм яфIэкIэзыз э,
Гъын хьэзыру ягуэм зафIехуэзыр.

Гум кьолэлхэыр Iэбгъ ерауруншэр,
Чыбжьэ гъужауэ зыкъигъэшу.
Шын хъужа уIэгъэхэм мацIэдзэу
Щхьэщоуфэрааз я IутIыжу бадзэр.

Ауэ, итIани, гъэщIэгъуэнракъэ,
Дзыхауэ зы сабий кьыхэгъэкIакъым.
ХэкIыпIэншагъэу зыгъэхьыщIэр я гур
Нэщхьей дыдэу кьаIуатэрт я нэгум.

А псор зыльагъу цIыхубзхэм
ШIагъэжьырт нэпсыр, ИуфIдуаэу я бзэр,
Макъыншэрэ щэжьбзэу эащIэпыхьэу,
Хэт шху кьахуихьыр, х эти хьэлу Iыхьэ.

Щоджэн Сэхьид, кьуажэ Советым и тхьэмадэм,
Сабийм ящыгъу балигъым зыхуегъазэ
мыпхуэдэу:
«Мы лъэрымыхьхэр нэпшэсыфынкъым жьыжь,
НэхьыфIщ утегушхуэу эащIэпыхьэу,
Хэт шху кьахуихьыр, х эти хьэлу Iыхьэ.

Щоджэн Сэхьид, кьуажэ Советым и тхьэмадэм,
Сабийм ящыгъу балигъым зыхуегъазэ
мыпхуэдэу:
«Мы лъэрымыхьхэр нэпшэсыфынкъым жьыжь,
НэхьыфIщ утегушхуэу эащIэпыхьэу,
Хэт шху кьахуихьыр, х эти хьэлу Iыхьэ.

«СощIэ, - жеIэ сабийм ящыгъу Iэшэ балигъым,
И I э лъэныкъуэмкIэ иIуэту шхуэмылакIэр, -
Кьызгуроуэ гъуэгум и хьэльагъыр,
Сымыщ Iэр хьунращ мыбы я кьегъэлыкIэ.

Фи кьуажэм кхъэгъэзнэкIэ сыт фи лыгъэ,
Сабийхэр хэзвмыгъашэу мафIэ лыгъэм?
ЦIыхьэгъэзыпIэ фхуетмэ мы хъарыпхэм,
Кьывитыжьыни Алыхьталэм псапэу».

«Факьыблэкlакlэщ фэ кьуажэ зыбжанэ,
Абыхэм кьыщывжаIакъэ фыкьанэ?»
Апхуэдэу щыщIэупщIэм Щоджэныр,
Модрейм кьыжеIэ: «ЦIыхухэр мэшынэ,
Журтхэр кьрагъэлмэ,
зэтраукIэнкIэ зы кьэмынэу .
Фи жылэр цIыкIухэм егъэзыпIэ
ЯхуэхъуфынкIэ кьыдэфтын гугъапIэ?

Мы хъарыпхэм ипльэт я нэгум,
Абы кьытощ тхъэмыщкIэхэм щагъэвыр я гум.
Кьедгъэлэн, ныбаджагъэм ядмыгъэхьу,
Бийм якIынущ, шэныншэ у, яIэщIыхьэм».

Сабийм я гъусэ Iэшэр зыщIэльэIур
Аракъым цIыхухэм я тхьэкIумэм кьиIуэр.
Хъарып нэщхьейхэм кьагъэпсыфу я нэр,
Кьуажэдэсхэм ахэр яхь я унэ.

Бесльэнейдэсхэм фIыуэ кьагурыIуэрт:
ГущIэгъ у яхэлъыну уе льэIуу,
Нэмыцэм упежьэныр мыхъун Iуэхут -
Абыхэм журтыр псынщIэу кьаужьыхурт.

АтIэми, гъунапкъэншэщ адыгагъэр,
КIэух зимыIэщ адэжь щIэин гугъэр.
Адыгэ хабзэм Iэщэ пэльэщIын
Кьагупсысауэ зыгуэрым хужьIэн?.

Зэзыдзэжлар УЭРЭЗЕЙ Афликщ.
(КъыкIэлыкIуэнущ).

ЧИСТЯКОВ Николай — **Поэмэ**

ГУИМЫХУЖ

Бесльэней къуажэм щыпсэухэм Хэку зауэшхуэм щыгъуэ зэрахьа лIыхъужьыгъэр илъэс 70 зэрырикъум и щIыхькIэ

Льэпкъхэр мыбдеж щызэхэджащ,
Я хабзэ хэр зэхэщыпсыхь у.
Мы бгыжьхэм куэдыр щыуеджащ
Я гъэпэжыкIэм хабзэм, щIыхьым.

Адыгэ хабзэ

Ирамытхами зы тхылъ,
ПсэукIэ мардэу ткIийуэ хэту я лъым,
ЦIыхугъэ нэсым и щапхъэр кьрибзэу
Адыгэм кьадокIуэкIыр Хабзэ.

ЛIэщIыгъуэ куэдкIэ зэхалъхьащ а тхылъыр
Зэрылъэпкъыу зэдэщIыгъуу,
ЗэIэпахыу щIэблэм, зэIэпалъхьэу,
ИрагъэфIакIуэу, ягъэбагъуэу.

ЩызэщIакъ ууаэ Адыгэм я хабзэу,
Льэпкъ Iущыгъэм и гупсысэр,
И псалъэр быдзу, напэр кьабзэу
Дунейм шэрджэсыр зэрытет нэмысыр.

Унагъуэм щиси, зауэм щыIути,
Е щыдихьм деж и дауэдапщэр
Адыг эм, Хабзэр и нэIурыту,
И щхьэр елэтыф дапщэщи.

Хабзэ телъыджэм и джэлэсу
КъыхолъагъукIыр Iуэху зыбжанэ.
Ахэр зыIыгъым и нэмысыр
ЩыIельэпэрапэркъым гъэугуанэм:

ЦIыхугъэр щыщщ ягъэнэхъыщхьэм -
ХьэщIэм, нэхъыжьым пщIэ хуэщIын,
НэгъэущIэр зыхуелыытыр и щхьэм,
ЦIыхугъэ зэи щымыщIэн.

Гупсысэр куурэ псалъэр кIэщIым
Ар губзыгъагъэм и нагъыщэщ.
И щIыхьыр пIэтмэ щхьэльащIэм,
КIуэдынукъым сабий пIэщхьагъыр.

Гупсысэу псалъэм, зиплъыхьу тIысым
Утхъ уэнкъым зэи и акьылыр,
Ноби зыхинэркъым шэрджэсым
Нэхъыжьхэм я щIэин а хьэлыр.

Шу гъусэу щыIгъу зэпытщ и лIыгъэр,
Ерыщщ, гугъу екьым хущIымычэ у,
КъытеункIыфIауэ щытми дыгъэр,
И х экур ехьумэж бэшэчу.

Псэм япэ ирегъэщIыр щIыхьыр,
ЩIыхь кьыхуэлэжьыркъым лIыгъэншэм,
Ар пщхьэщIымыльмэ пшэкIухьу,
Уи гъащIэр хь унукъым узыншэ.

Философышхуэ Къэзанокъуэм
ЩIэблэм кьахуэгъэна �Iущыгъэр
И гъуаэщи абы и лIакьуэм,
КьыздрехьэкIыр нэмэз щыгъэ.

Щыхьум и нэмысыр, и хьэл-щэныр
ШигъэнэхъапэртI мы гъащIэм,
Ахэр зыхэмылъыр зэманым
ЗэремыкIу фыр хьэжь кьыпщищIыгъ.

Щытельми, зэи кьамылъытэт
Я льэпкъыр кьытехуауэ ныджэм.

КъуэкIыпIэм и тхыдэ гъуэгужьхэм
Кьытощьж мамлюкхэм я лъэужьыр,
Мы дуней псом щыIуауэ я щIыхьыр,
ЩытахэщI Египетым и пащтыхьхэу.

ЕпщыкIуиянэ лIэщIыгъуэм,
Адыгэщым топхэр щигъэгъуагъ уэу,
Хьэтыри зымыщIэж нэжьгъущIыдзэу,
КъыхуэкIуащ адыгэм пащтыхьыжьым и дзэр.

Е лIэн, е хэкур ябгынэн -
Кьахуэнэжар арати хэдапIэ у,
Я гугъэу льэпкъыр кьыззтранэн,
ЗыкъомыР Тырюм йохьэжьр щтапIэ.

Зыльагъухэр кьигъачэу губампIэм,
Псыжь Iуфэ куэду щагъэув быдапIэр.
Щхьэхуитынигъэм пагэу щIэзэу псэр
БыдапIэми хэущынкъым зэи гъэр.

Щымыгъуэтыну нэгъуэщI льаэх,
Езым и хабзэм хуэдэу дахэ,
КьекIуэкIами адыгэр игъащIэм,
КъыптекIуэм пхульэмыкIыу ухуолIыщIэ.

Хуей-хуэмейми нэгъуэщым и бзэр
ЗрегъащIэ, кьещтэ и хабзэр,
Ауэ езым и хьэл-щэныр
ИмыгъэкIуэду кьыпхихьыфащ зэманым.

ИIэжти шэрджэсым хабзэ,
И сабийр, и щIэблэр иригъасэу,
Ар кьеззгъыу цIыхугъэм и мардэм
ЦIыху гъэсэкIэу кьащтащ льэпкъ куэдым.

Иратти щIалэ цIыкIур атэлыкъым кьаныу,
Атэлыкъым хуригъаджэрт псэукIэм, зэу эным,
ПсальэрIыгъыфрэ цIыху пэжу,
Игъасэрт бэшэ чрэ зэкIужу.

Гъэгуанэм иригъэша зекIуэлIым
И щхьэр бысымым ирихьэлIэм,
БыдапIэ хуохьэр и хьэщIэщыр,
ЕмыльытауэкIыр лакъуэкIэ зыщыщым.

Кьыхуэныкъуэу кьэджамэ ныбжьэгъур,
Токьэ занщIэу абы узышэ лъагъу эм...
Мис а псори шэчынэз хьэлу кьаным
Хэльхьэныр атэлыкъыщ зи кьалэныр.

СэмэгумкIэ епсыхэм щхьэкIуэ шур,
Шэрджэсым нэпскIэ пщIантIэр имышыу.
Бэшэчрэ зэпIэзэрыту
ЗиIыгщ, и макъыр имыIэту.

Уэм кьыхурихьэкри Алыхьталэм,
ЛIыгъэр кьуритащ адыгэ щIалэм.
И нэ дыджхэм гу апагъэр щыIущащэу.
Нэри псэри ехьэху адыгэ пщащэм.

«Адыгэу хахуэщ» кьыпхужиIэмэ бгырысым,
Араш укьилытакIэу лIыхъужь нэс у,
ЫыпIэ зыхуэхьуам адыгэ пщащэр,
И унагъуэм икIыхьм зэIуэзэпэщыр.

Адыгэ пщащэм хуэзпещэ
Льыхь уэр кьыз дикIыр куэдыкIейт.
КъигъакIуэрт хьаным, Куржым я пщым,
Уеблэмэ и пащтыхьым Урысейм.

Иуан пащтыхь у ущIэгъ умыщIу,
Зи залымыгъэм щыгъуазэзм дунейр,
Псоми кьахехри щхьэгъусэ ещIыр
Темрыкъуэпщым ипхьу Гъащэнеи.

Адыгэ льэпкъхэм я кьудамэм
Щыщ зым зэреджэр Бес льэнейт.
А льэпкъым и щIалэ кьуданхэр
ЛIыфI я лIыфIыжьхэми я лейт.

Льэпкъ тхыдэм ехьумэ щэху Iэджи,
КъыпфIэщIу гъу эгуэр щэху защIэу зэхаджэу.
А щэху псоми яхэльщ кьару гуэр,
Зэи щыгъупщэх имыщIу гур.

Бесльэней

Джабэ зэхуакухэм щыбжьыфIэ и губгъуэм
Дыгъэм пшэкIэпльыр кьытриубгъуэу,
КъытрильащIу щабэу и бзийр,
Къуажэ Iумахуэу щысщ Бесльэнейр.

Къуажэдэсхэм гъавэ жIыр,
Мэкъу паупщIыр, хьэсэ япщIэ.
Хабзэм и пщIэр ягъэину,
Я бжэр зэIухар я унэм.

Къурш мыл джанэм
Кьыщинхуа псы кьабзэр,
Джабэ задэ хэм тепальэу уэзджынэу,
Инжыдж кьыдольадэ ауэым.

Зы зеинши кьахешэри, имыщIу уэим,
Урыс щIалэ цIыкIым фIещщыр Ибрэхьим.

Сабийхэр ягъэIэпхъуэ

Бийм Ленинград кьиуухъуреихьащи,
ЯмыщIэжу здахьынур я щхьэр,
ЦIыхум ягъуэткъым дыхьэпIи дэкIыпIи.
Гъэлым и мылI гъэгъуэри хьуащ нэщанэу апIэ.

Абы фIащами «ГъащIэм и гъуэгу»,
Псэуэ кьыткIыжьыфыр мащIэщ.
Ажалри хуэхьуащ гущIэгъэ уми дэгу,
Щыхьынншэу цIыхухэр ирехьэх гуэл льащIэм.

Машинэ шэрхъхэр тоцIэнтхъукIыр мылым,
Хоэзрыхьыжьыр пшагъуэ Iувыр IуГъуэм.
Сабий зеиншэм щхьэкIэ узкъым я лыр
Бий хьэщхьэрыIуэу зыфIэжкIуэдам гущIэгъур.

«ФитIысхьэхэ мафIэгум псынщIэу!» -
Унафэу кьыхуащIари ткIийр э кьоIур.
ГъущI гъу эу сатыритIыр ярехьэх,
МафIэгу шэрхъхэр щIэпсынщIэу тоуIуэ.

Сабийхэр хишу мафIэ лыгъэм,
Ажалым кьригъэлынкIэ гугъэу.
КраснодаркIэ еунэтIыр мафIэгум,
Хъарып кьомым кьатехьэлъэу гъуэгур.

МафIэгур мажэ, гугъуу гъуэгуанэр,
Емышыжхэу бийм и кхъухьлъатэу
Зи нэрыгъыр ажал зехьэныр,
КIуэ пэтми нэхьри мэятэ.

КъэувыIэпIэ кьэскIэ хощI сабий ныбаджэм,
КхъапIэ яхуэхьуурэ гъуэгу Iуфэ ныджэр.
Кьащытегуплъэм аргуэрыжьу бийр,
ЩызэтоувыIэ эзкIэ Армавир.

Гъуэгур

Дыгъэрыс гъуэгур сабалъэщ,
ЖьыщIэху удзыжьыр хуабэм егъэщхьэлъэ.
Сабийм я гызым, щэрхь кIырГъхэр екьууу,
Гухэм сабэм пхраш я лъэ ужьыр.

Щхыныр яухащ. ЯIэжкъым псы,
Зэрошх сабийхэм я кIэтIийр.
Жылэ гъунэгъуэхэм кърат мылIэIусым
Псэр химыгъэкIыу иIыгъыф къудейщ.

ХуэкIуэжахэу фэмрэ кьупщхьэм,
Сабий лъэрымыхьхэр исщи гуплIым,
Ныбаджэ узыр зыIетгуплI э
ЦIыкIуэхэм кьахуэIэткъым я щхьэр.

ИтIани, гъэщIэгъуэнракъэ,
Мамэ, жиIэу зыри кьыхэгъэкIкъым.
Тхъэмыщкlагъэм кьатригъэ уа жьыфэр
Янкрыт кьыпфIощI мыхьэж узыфэ у.

Гъэмаху э щыIэщ. Дыгъэ гуащIэм
ИгъэгъущIакIэщ уафэ льащIэр.
ПфIэщIырт хуабэм дэжея дунейр,
Шыгухэр щынэсахэм Бесльэней.

Къуажэм

Хадэм щоджабэплъыр мыIэрысэр,
ШэфталымэР зэбгрех акьужьым,
Жьзумейхэм зыщIафыр дыгъэпсыр,
Зэ тIыгъуам хьуэпсэгъуэу зегъэплъыжьыр.

ЗэкIэлъхьэужьу кьуажэм кьыдыхьэ гум,
Псом япэ щIалэ цIыкIухэм льаэри г у,
Жылэм хьыбарыщIэр щызэльащIысыр:
Гу гу эрэхэр кьокIу, зытегущIыкIэ иу ису.

Зэхуожэсри занщIэу хьэблэр,
Ныбаджэ хъуахэм хуахь гъуэмылэ.
Кьыхеху псы цIыкIум акьужь сыхьэр,
Жыг хадэм кьуалэбзум щагъахьэр.

Инжыдж толькъунхэр мывэм иригъалъэу,
Ирехьэхыр уэру и пшынальэр.
КъыпфIощI и уэрэдыр хунгъаджэу
Зеиншэ цIыкIу кьытехьахэм и ныджэм.

Къуажэдэсхэу кьэзыхьахэм шхыныр
Ныбаджэ кьомыр кьыщыIундзэм я нэм,
Льынтку э хьэсыкъм яфIэкIэзыз э,
Гъын хьэзыру ягуэм зафIехуэзыр.

Гум кьолэлхэыр Iэбгъ ерауруншэр,
Чыбжьэ гъужауэ зыкъигъэшу.
Шын хъужа уIэгъэхэм мацIэдзэу
Щхьэщоуфэрааз я IутIыжу бадзэр.

Ауэ, итIани, гъэщIэгъуэнракъэ,
Дзыхауэ зы сабий кьыхэгъэкIакъым.
ХэкIыпIэншагъэу зыгъэхьыщIэр я гур
Нэщхьей дыдэу кьаIуатэрт я нэгум.

А псор зыльагъу цIыхубзхэм
ШIагъэжьырт нэпсыр, ИуфIдуаэу я бзэр,
Макъыншэрэ щэжьбзэу эащIэпыхьэу,
Хэт шху кьахуихьыр, х эти хьэлу Iыхьэ.

Щоджэн Сэхьид, кьуажэ Советым и тхьэмадэм,
Сабийм ящыгъу балигъым зыхуегъазэ
мыпхуэдэу:
«Мы лъэрымыхьхэр нэпшэсыфынкъым жьыжь,
НэхьыфIщ утегушхуэу эащIэпыхьэу,
Хэт шху кьахуихьыр, х эти хьэлу Iыхьэ.

«СощIэ, - жеIэ сабийм ящыгъу Iэшэ балигъым,
И I э лъэныкъуэмкIэ иIуэту шхуэмылакIэр, -
Кьызгуроуэ гъуэгум и хьэльагъыр,
Сымыщ Iэр хьунращ мыбы я кьегъэлыкIэ.

Фи кьуажэм кхъэгъэзнэкIэ сыт фи лыгъэ,
Сабийхэр хэзвмыгъашэу мафIэ лыгъэм?
ЦIыхьэгъэзыпIэ фхуетмэ мы хъарыпхэм,
Кьывитыжьыни Алыхьталэм псапэу».

«Факьыблэкlакlэщ фэ кьуажэ зыбжанэ,
Абыхэм кьыщывжаIакъэ фыкьанэ?»
Апхуэдэу щыщIэупщIэм Щоджэныр,
Модрейм кьыжеIэ: «ЦIыхухэр мэшынэ,
Журтхэр кьрагъэлмэ,
зэтраукIэнкIэ зы кьэмынэу .
Фи жылэр цIыкIухэм егъэзыпIэ
ЯхуэхъуфынкIэ кьыдэфтын гугъапIэ?

Мы хъарыпхэм ипльэт я нэгум,
Абы кьытощ тхъэмыщкlэхэм щагъэвыр я гум.
Кьедгъэлэн, ныбаджагъэм ядмыгъэхьу,
Бийм якIынущ, шэныншэ у, яIэщIыхьэм».

Сабийм я гъусэ Iэшэр зыщIэльэIур
Аракъым цIыхухэм я тхьэкIумэм кьиIуэр.
Хъарып нэщхьейхэм кьагъэпсыфу я нэр,
Кьуажэдэсхэм ахэр яхь я унэ.

Бесльэнейдэсхэм фIыуэ кьагурыIуэрт:
ГущIэгъ у яхэлъыну уе льэIуу,
Нэмыцэм упежьэныр мыхъун Iуэхут -
Абыхэм журтыр псынщIэу кьаужьыхурт.

АтIэми, гъунапкъэншэщ адыгагъэр,
КIэух зимыIэщ адэжь щIэин гугъэр.
Адыгэ хабзэм Iэщэ пэльэщIын
Кьагупсысауэ зыгуэрым хужьIэн?.

Зэзыдзэжлар УЭРЭЗЕЙ Афликщ.
(КъыкIэлыкIуэнущ).

Профессор, усакIуэ Чистяков Николай.

Нобэрей зэманым йокIур къуажэр,
Машинэ хэр у эрамэм щызэблэжу.
Дэтщ еджапIэ, тхыдэм и фэеплъхэр
Музей унэм щахьумэу щIэльхэщ.

Я блэкIахэр ноби ильщи я гум,
Куэдрэ иропльэжхэр тхыдэ гъуэгум.
Кьапхьыбащ льэхъэнэ псоми Бесльэнейр,
Кьытемыхуэу зэманым и ней,

ЕщIэж щызэхьыхьар колхозыр,
Зауэ льапсэрыхьым и гъуэзыр.
ЩымыщIэу гъащIэм ифI, и Iей,
Псэуащ цIыхугъэ хэльу Бесльэнейр.

Льэхъэнэ кьэс къагъэщIырт лIыхъужьхэр,
Тхыдэм кьыханэфу я льэужьыр.
Я фэм дэкIа псори ди нэхьыжьхэм
КьаIуэтэж тхылъымпIэ напэ гъуэжьхэм.

Бесльэнейр лIыфI Iэджэм я гущ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

●ДифI догъэлъапIэ

«Амикс»-м и вагъуэ цIыкIухэр

КъБКъУм и пэш хунтышхуэхэм ящыщ зым макъамэ зэхуэмыдэхэр къыщIоIукI.

Пэшышхуэм адэкIэ уэрэджыкIыуэхэм я макъ гуакIуэхэр щыIэхьбох. КъБКъУ-м уэрэдымрэ кьафэмкIэ и театр «Амикс»-м зыкъэгъэлъэгъуэныгъэхэм мыбдежьм щыIэхуигъэхьэзыру аращ. КьэфакIуэгупымкафэщIэ егъэуп, зрагъэщIаХэри нэхъри иратегъэфIакIуэ; вокалымкIэ егъэджакIуэр уэрэджыIакIуэхэм ядолажьэ. ГъэщIэгъуэнракьэ, зэрызехьэ, зэдауэ е зэгурымыIуэ гуэрхэри ядэпльагъурхьым мы ныбжькьщIэхэм. Дауи, апхуэдэ зэхущытыкIэр зэгъэжьуап кьаритащ .

- Амир, сыт зэман дьандэрэ утыкум ит «Амикс» гупыр?

- «Амикс» гупым и тхыдэр 2004 гъэм кьыщюжьэ. Я1пэу сыз1ыдэлэжькIэ щI1эдзэр ныбжькьщIэхэм гъуэзджэхэмкIэ я школым кьыздишаэрщ. Гупыр кьыщыIунэхуа махуэу убж хъунур абы и я1пэ концертыр щитаращ. Я1пэ концертым зыхуэдгъэхьэзырыным зэман куэдри ихьащ, нэхъ тэмэму жьыпIэмэ - илъэс зыбжанэ. Я1пэ концертыр дыззэрыхуейм хуэдэу кьызэдгъэпэщын щхьэкIэ, гуГъуехь куэдри кьызэдгъэкIащ. Ди я1пэ репетицхэр гъуэзджэ хэм я школым щедгъэкIуэкIыу щытащ. Тынштэкъым щIэгъэкъуэн, дэIэпыкъуэгъу тэмэм унмыIэу зыбгъжьэзырыну. А зэманым гупым хэтхэр школакIуэ защIэт икIи абыхэм я кьару закъуэкIэ дыпэпльэщынутэкьым зэхэдгъэувэну зытедухуа программэм. Мыбдежьм сигу кьокIыжь университетым и етIанэ курсым щеджэу къэкIуащ гупым икIи зэман кIэщIкIэ концерт программэм хэтхьащ, и уэрэд жыIэкIэр ягу ирихьати. Цыхуэхэм ягу кьинаУэрэд зыбжанэ ихьащ Аз мэтэ. Езым макъамэ зыщIигъуваи яхэтщ а уэрэдхэм. КъБКъУ-р кьызэриухамкIэ тхылъыр иIэми, иджьипстукIэ абы кьыхихьыр артист гъуэгуращ.

Кьуантгъ Алёнэ КъБКъУм социальнэ лэжьыгъэмкIэ и кьудамэм и 6-нэ курсым щоджэ, гупым и уэрэджыакIуэ нэхьыфIхэм хабжэ. ЖьыпIэнурамэ, университетым иригъэкIуэкI зы макъуэшхуэ зэIуцIи кьэкIуащ гупым икIи зэман кIэщIкIэ концерт программэм хэтхьащ, и уэрэд жыIэкIэр ягу иригъэхьати. Цыхуэхэм ягу кьинаУэрэд зыбжанэ ихьащ Аз мэтэ. Езым макъамэ зыщIигъуваи яхэтщ а уэрэдхэм. КъБКъУ-р кьызэриухамкIэ тхылъыр иIэми, иджьипстукIэ абы кьыхихьыр артист гъуэгуращ.

Кьуантгъ Алёнэ КъБКъУм социальнэ лэжьыгъэмкIэ и кьудамэм и 6-нэ курсым щоджэ, гупым и уэрэджыакIуэ нэхьыфIхэм хабжэ. ЖьыпIэнурамэ, университетым иригъэкIуэкI зы макъуэшхуэ зэIуцIи кьэкIуащ гупым икIи зэман кIэщIкIэ концерт программэм хэтхьащ, и уэрэд жыIэкIэр ягу иригъэхьати. Цыхуэхэм ягу кьинаУэрэд зыбжанэ ихьащ Аз мэтэ. Езым макъамэ зыщIигъуваи яхэтщ а уэрэдхэм. КъБКъУ-р кьызэриухамкIэ тхылъыр иIэми, иджьипстукIэ абы кьыхихьыр артист гъуэгуращ.

Ди щIэр концертхэм щыжаIа уэрэдхэр сэ зэхуэстхат. Езы щIалэ хэм ятхыжьаэри ягъэзащIэ. Иужьрей зэманым, гупыр нэ хъ щIрыIуэ зэрыхьурэ, уэрэд зытххэм дзыхь кьыттхуащI хъуащ икIи абыхэм я Iадакъэщ1кIхэр я гуапэу кьыдат. Абы нэмыщI, усэ е макъамэ ятхыу зи гъжьыгъэм зэкIэ зыри щымыгъуаз я хэми зыкьытхуагъаз я Iэдакъэщ1кIэр ди репертуарым хэдгъэхьэну. Абыхэм дыхопIъри, дигу ирихьыкьыхэкIмэ, уэрэд кьыхьдощIыкI.

- «Амикс» гупыр здынэсадьагащIэр тыщIу кьызэрыIэрымыкьхьар хэти кьыгурыIуэ. У уэрэ гупым хэ т ныбжьыщIэхэмрэ нэмыщI, хэт гугъу зыкьыбдригъэхьрэ?

- Псори зыщIэ щыIэкъым. Гупым екъэIаУэ диI5 мурадхэр кьыдэ хьуIэн папщIэ, куэд чэнджэгъэуи дэIэпыкъуэгъуи кьытхуохьу. Кьафэ и лъэныкъуэкIэ е утыку цIыкIухьэ1э зэрыджэгIуи хуеи теуауэу ныбжьыщIэ хэр зыущи ди гъэсакIуэхэм фIыщIэ яхуэзощI. Абыхэм ящыщщ Баię Аслъэн, КIэхумахуэ ФатIимэ, Къумахуэ Мухьэдин, Дохъушыкьуэ Мадинэ, Битокъу Оксанэ, Шорэ Анзор сымэ. Иужьрей зэманым кьыддолажьэ гъуэзджэхэмкIэ колледжыр кьэзыуха Кьэнэмэт Аслъэн. Игурэ и псэрэ етауэ кьэфакIуэхэм егъаса? абы, икъукIэ сыхуэгарэзыщ.

- Гупыр щыIуу 60 щыхьукIэ, абыхэм хьэл зыры1 я1эжу щыщыткIэ, ахэр зэгурыIуэу зэдээгъажьымэ хуэунэтIыным кьару мащIэ текIуадэу кьыщIэкIынкъым...

- Пэжщ, ныбжьыкIэ зэрызэтемыкуэм хуэдэу, хьэлщIэнкIи зэхуэдэкъым ди гъэсэнхэр. Си гуапэ зэрыхьунщи, хьэлыфI куэд яхэзыщы ныбжьыщIэхэм. Гупыр кьызэрежьэрэ кьытхэт артист нэхъыкьэхэм кьытхьхьатащIэхэм я гур ирамыуду, фыгъуэнижь яхэмытIу, «ахэри гупым и напэщ, екIуэр-ещхьу утыку итын хуейщ» жаIэу, абыхэм зэрадэIэпыкъуным яужь итщ. «ДаIуэ зэ хъ, зэхэзыхьхелъхьэ» жыхуаIэращи, нэхъыщIэхэри нэхъыкьэм ядопIъей, абыхэм я Iэзагъ кIэлъэпоIъ, щапхъэ трах.

- «Амикс»-м кьыхьхьа нужь, ныбжьыщIэхэм я хьэлым зихъуэжу кьапщIэрэ?

- Я1пэрауэ, кьыхэзгъэщыну сыхуейщ кьакIуэ псори гупым кьызэрыхэмынэр. Абы щIэхьэгъэгъуэ зыбжанэ я1эщ. У тыкум дахэу зыкьыщыбгъэтIэгъуэн папщIэ, абы уегугъуу зыхуэбгъэсэн, зэман куэд тебгъэкIуэдэн зэрыхуейр кьагурыIуа нужь, замыIэжьэу хэкIыжхэри мащIэкьым. Кьэнахэм я дуней тетыкIэмэ, я хьэл-щэнми, я щIыкуэ зэтыкIэми кьапщIэу зехьэжьэ. Ар куэдым епхащ. Сэ си щхьэкIэ, купщIэ зиIэм гу лъызотэ. Я1эхьащхьэращи, си гъэсэнхэм сызыхуейр тыншу кьаГуагъэгъэIуэфэ. Гупым хэт дэтхэнэми щхьэхуэ-щхьэхуэу сыбгъэдэтIысхьэурэ сепсэтыпIэну зэман згъэтхкым. Апхуэдэу щыщыткIэ, псоми зэгъэсэу яжесIэр сызэрыхуейм хуэдэу зыхащIэ, нэхъыкьэхэр нэхьащIэу хэм йоущие, зэрогъэсэж. Пэжу жысIэнщи, ахэр псори си деж1э сабийхэщ, си бынхэм я1ольт.

МыхъумыщIагъэ гуэр зыхэмыIэ зыри щыIэкъым, ауэ апхуэдэ ди лэжьэкIэм, ди зэхущытыкIэхэм кьыхэхуэми, зэман кIэщIкIэ зыхьдоныф.

- Гупым и программэхэм я зэхэдгъэкIыным утыгтепсэлъыхьыну дыхуейт.

- Нобэ утыкум кьихьэ уэрэджыакIуэ щэ бжьыгъэхэм дадэхьун, дефIэкIын щхьэкIэ ди программэхэр нэхъри зэмыIэрэжьыгъуэ тщIын, сыт хуэдэ ныбжьми итхэр хьуридэхьэхьун, цIыхухэм гукъинэ ящыхьун хуэдэу кьыхэзгъэпэщыныкIэ тIъкI кьэдгъанэрэкъым.

ПрограммэщIэ дгъэхьэзырри, дыгъэгъаззэм и кIэм дгъэлъэгъуащ. Абы урысбзэкIи, адыгэбзэкIи, балъкьэрбзэкIи кьыщыIуа уэрэджьжьэр ди артистхэм я адэшхуэзанэшхуэхэм я зэманым яусащ. А программэр гъэхьэзырыным икъукIэ делIэпIащ, гугъуи дыдехьащ, уэрэдхэр кьыщежьа зэманым зэрахьэрэ щыта фащэхэм я кьыхэзгъэпэщыныр тынштэкьым.

- Цыхуэхэм нэхъ гунэс ящыхьуа программэхэри фIэщ, щэч хэмылтъу...

- Абы и гугъу пщIымэ, Хэку зауэшхуэм и зэманым яуса уэрэдхэр зыхьдгъэхьар нэхъыбэу ягу ирохь ди лэжьыгъэм кьыкIэтыплъ нэхъыжьхэмэ нэхъыщIэхэми, **- Ди республикэм нэмыщI, дэнэ фыжьыщащIыхуэр, хамэ къэралхэм зыкьыщыщIагъэтъэгъуа?**

- «Амикс» гупыр ПъагапIэ гуэрым нэсауэ щытщ иджьипсту. Ди республикэм нэмыщI, кьалэ куэдым драгъэблагъэ, хамэ къэралхэм зыбжанэми дыщыIащ. Абыхэм ящыщу я1пэ кьыхуэзгъэпэщыгъэ, Ди гупыр кьызэрызэдгъэпэщIрэ ильэс къэс гуапэу драгъэблагъэ а кьалэм щекIуэкI «Ярысейм и къэкIуэнур щIалэзгъуэ-гъэрэ» фестивалым. Абхьазэзым зыщыдгъэпсэжу и мызакъуэу, куэдрэ концерти кьыщыдгъэтхьагъуащ. Абы нэмыщI Ростов, Москва кьалэхэм щIэ-щIэхьуиуэ дохьуэ, фестивалэхэм, зэпеуэжэм дыхэтщ. Си гугъу сщIа кьалэхэм кьитшауэ щIыхь тхьыпIи, медали, дипломи, нэгъэущI саугъэт куэди дрипагэу зыдокIэ. Абыхэм нэмыщI, КъБР-м и Правительствэм, Нашышк кьаалэ администрацэм, Ветеранхэм я советым кьабгъэдэкIыу кьытхуагъэфэща щIыхь тхьыпхэри ди екъуIэнщIагъэхэм я щыхьэтщ. 2005 гъэм ди гупым «цIыхубэ» цIэ лъапIэр кьыфIащащ.

Хамэ къэралхэм я гугъу пщIымэ, Итайм тIэунэйрэ дыщыIащ, «Урысейм и иныхьыр» ипкъ итIащ и щIыкIэ щекIуэкIа Iэжугъуэжьм дэри дыхэтащ.

- Амир, псапэ зыныть Iуэку куэд зэрыфIщIэр зэхэсхащ.

- Пэж дыдэу, хабзэ тхуэхъуэу, а1пэуэ Iуэхуэхэми дыхэтщ. Ди гупым кьыбгъэдэкIыу тхуэзэфIэкI яхудоищIэ Республикэ реабилитационнэ центрым, Нартан щыIэ сабий интернатым, жьы хьуэхэмэрэ нысхьуэдыкьуэхэмрэ щапIыжу Налшык кьалэ щыIэ унэм, Зеикъуэ, Шэджэм, Бабугент дэт интернатхэм. Абы нэмыщI, зи сабий сымаджэ адэ-анэжэ кьощыдэтэлъун щхьэкъу, апхуэдэхэми тхуэзэфIэкI яхудощI.

- Фи гупым зэреджэр «КъБКъУм уэрэдымрэ кьафэмкIэ и театри». Университетымрэ фэрэ сыт хуэдэ зэхущытыкIэ фяку дэтщ?

- Ди гъжьыгъэм теухуауэ сыт хуэдэ гугъуехь дыпэщIэмыхуэми, университетым икъукIэ щIэздэ Iуэхуэ кьытхуохьу. Сыт и IыныкьуэкIи кьыздэIэпыкъуу, ныбжькъэгъу пэжу диIэщ КъБКъУм и профкомым и унафэщI Кьумыкъу Iуэс. Ди артистхэр ныбжьыщIэу кьуажэ пхыдзахэм кьикIэхэр репетицэ нэужьым я унэ мыкIуэжьфу кьаIэм кьыздэнэмэ, жысIэу сытегущэвэлъу щытати, Iуэс и фIыгъэкIэ, абыхэм университетым и профилакторие унэм пэшхэр кьыщратауэ щопсэу. Дэ зэжьощIыкI апхуэдэ гупытэр икIи ди гуапэщ адэкIи апхуэдэу дыдэзэдэлэжьэну.

Ди ныбжьыщIэхэм я адэ-анэхэми фIыщIэ яхуэфащэщ, дзыхь кьызэрытхуащIым папщIэ. Ди лэжьыгъэр нэхъри зэрефIэкIуэным и хэкIыпIэ нэхьыщIхьэхэр ящыщщ абыхэм дакьыщэрыгурыIуэр.

ЕхьуIэнычгъэхэр тыншу кьакIуэркым. Ар кьаГурОIуэ ныбжьыщIэхэми абыхэм я адэ-анэхэми. Я1пэрауэ, зэманыр ятмэ дежи кьыздоIэмэщIэкI. Ди гъэсэнхэм я нэхъыбэр студентрэ еджакIуэрэщ. Еджэным кьыщыдджуэ я зэманыр репетицэхэмрэ концертхэмрэ ехь. Еджэныр IэщIыбэ ящыхь яхуэздэркым, абы хуабжьу сыкIэхъопIъ.

Сахуэарэзыщ си гъэсэнхэми, абыхэм я адэ-анэхэми, кьыздэлажьэ егъэджакIуэ псоми. «Мурад дахэ щIлаI», гъуэгур кIыхьыщ жьыпIэу укъымыкIуэтыж» - жьыхуаIэращи, илъэсыщIэми кьыкIэтыкIуэхэми ди концертхэм кьекIуалIэхэр кьэзрыдэтэхьэныным яужь ди тынуущ.

- Тхъэм кьыригъэжьуIэ икIи фригъэблагIэ.

ЩОДЖЭН Iэмнат.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Артистым и цIэкIэ

●Щэнхабзэ

КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и фондым, хабзэ дахэ хъуауэ, республикэм и гъуэзджэмрэ щэнхабзэмрэ хэлъхьэныгъэщхуэ хуэзыщIа лэжьакIуэ нэхъыфIхэр щагъэлъапIэ, балъкъэр артист Рахаев Таубий и фэеплъ ягъэувa стипендиер зыхуагъэфащахэм щратыж.

ЗЭХЫХЬэр кьызэIуэзыха, фондым и унафэщI Бэрокъуэ **Владимир** зэрыжиIамкIэ, стипендиер зытыр балъкъэр драмтеатрым и актер цIэрыIуэу щыта Рахаев Таубий и къуэрыдзыу Османов Эльдарщ - Москва щылажьэ хьэрычэтщIэрщ. ЩIалэр къэралым и щIыхьэрым щыIэ щхьэкIэ, и адэжь щIыналъэр зыщигъэгъупщэркъым. Псалъэм папщIэ, и мылькукIэ Шэрэдж районым мэжджыт, Щэнхабзэмкlэ уиэ щригъэхуауэ, интернатым щыIэ цIыкIуэхэм ядэIэпыкъуащ.

Стипендие зратхэр я ныбжькIи IэщIагъэкIи зэхуэдэкъым. Абы кьызэщIеубыдэ актерхэр, симфонический оркестрым хэтхэр, щIэныгъэлэIхэр, нэгъуэщIхэри. Мы гъэм а стипендиер хуагъэфащащ режиссер Iэзэ Кулиев Борис, артисткэ цIэрыIуэ Биттировэ Абидат, КъБР-м СурэтыщI гъуэзджэмкIэ и музейм и унафэщI Жантууевэ Елизаветэ сымэ.

Бэрокъуэр зэхуэсахэм ядэгуэшащ УФ-м и къэрал фильмофондым и къудамэ я ХуэщIапIэм кьызэрыщызэIуахам теухуа хьыбар гуапэмкIи. Къэрал фильмофондым и ЛыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ Федеральнэ щIыналъэм щыIэ **Наводничий Георгий** Османов Эльдар фIыщIэ хуищIа неужь, зэIущIэм щагъэлъэпIахэм ехьуэхъуэри,я IуэхущIапIэм кьыбгъэдэкI тхьылъхэмрэ DVD дискхэмкIэ яхуэупсащ.

ЗэIуцIэм щагъэпэжахэм кьыхуащIа гулъытэм папщIэ фIыщIэ хуащIащ Бэрокъуэ Владимиррэ Османов Эльдаррэ. Рахаев Таубий зыщIыхуа, и IуэхущIафэхэм щыгъэзэ Кулиев Борис эзIуцIэм кьрихьэлIахэм ягу кьитIэлIыжащ ар хьэзэлу, куэдым ядэIэпыкъуу зэрыщытар, езыр режиссер хъуным зэрыхьэлIыфIыхьар.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Спортым зегъэужьыным гулъытэ хэха хуащI

Республикэм спортым зыщегъэужьыным хуащI гулъытэм кIуэ пэтми хохьуэ, Фигу къэдгъэкIыжьыщи, иджыблагъэ КъБР-м и Правительствэм Iуащхьэмахуэ куейм физкультурэмрэ спортымкIэ и комитетым сом мин 900 хухихащ Iырыеуэ дзет, Iубановым и цIэр зезыхьэ «Геолог» комплексым и спорт залымрэ и щымахуэ жыг хадэмрэ ирагъэфIэкIуэн папщIэ.

АТЛЕТИКЭ хьэлъэм дихьэхъэм зыщагъасэ пэшыр зыхуеину хьэпшыпхэмкIэ кьызэрызэрагъэпэщрэ куэд щIакъым. А спорт лIэужьыгъуэм щIалэгъуалэр нэхъри дихьэхьыжьмкIэ щапхъэ яхуэхьуащ дуней псом, Европэм я чемпион, тIэунейрэ Олимп Джэгуэхэм ехьулIэныгъэхэр щызыIэрызыгъэхьа, Урысейм и Кубокыр кьэзыхьа Аккаев Хьэжмурат.

Узыншагъэр щрагъэфIакуэ физкультурэ ухуэныгъэхэр егъэфIэкIуэныр, ахэр зыхуей хьэпшыпхэмкIэ кьызэрэпэщыныр Iуащхьэмахуэ куейм спортым зыщегъэужьыным и я1ыбакьуэщ. Спорт комитетым и мурадщ «Геолог» комплексым и унащхьэр иджырей зэманым екIуу зэрихьэулIкIыну. Илъэс кIуам районым спорт зэхьэзэхуэу 140-рэ щрагъэкIэлъэтащ, абыхэм щыIу 4030-рэ хэтащ.

ТЕРКЪУЛ Мартин.

●МВД-м къет

БзаджащIэхэр яубыд

Урысей Федерацэм и МВД-м и «Бахъсэн» къудамэм и лэжьакIуэхэм яубыдащ 1977 гъэм кьалъхуа, Ставрополь крайм хьыхь Изобильнэ жылагъуэм щыпсэ ур. Тхьэмахуэ кIуам ар травматикэ кIэрахьуэ, пIатIрони 6 зэрыIэ щалъэ.

«Бахъсэн» ОМВД-м и следствэ гупым кьэхьуам и щхьэусыгъуэр зэхэгъэкI.

Хьэунщ1акIуэхэр кьыщIагъэщ

Урысей МВД-м Май куеймкIэ и кьудамэм и лэжьакIуэхэм кьыщIагъэщащ 1990 гъэм кьалъхуа, ди щIыпIэм щыпсэуу зыхьунщIа бзаджащIэхэр.

Май кьалэм Лениным и цIэр зезыхьэ зэрамым тет унэхэм ящыщ зым и фэтэрым и щIыхьэпIэ бжэр сыхьэти 4-рэ дакьикьэ 30-м якъуэтри щыхьащ, быслымыр яубрэжьри, уасэ зиIэу кьалытэу хьуар зыIэрагъэхьащ. Лей зытехьам полицэм и кьудамэм псынщIэу зыхуигъэзащ.

Хьунщ1акIуэхэр псынщIэу яубыхьуащ икIи яубыдащ. БзаджащIэхэр 3 мэхъу, ахэр Май кьалэм щопсэу. Абыхэм я зым нэхъапэм суд тращыхьауэ щытащ.

ЗэхуахьэсэкIэ хьэпшыпхэрэ щыхьэтхэм жаIахэмрэ ахэр зэрыкьуаншэр кьагъэльагъэ.

Сом мелуани 2-м нэблагъэ

1964 гъэм кьалъхуа тэрчанэс хьэрычэтыщIэр жуапым ирашалIэ, сом 1,920,571-рэ хьу налогыр тыным зэрызыпIуидзам кьыхэкIыу.

КъБР-м щыIэ МВД-м Экономикэ щынагъуэншагъэмкIэ и Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэхэм предприятэм и финанс-хозяйствэ Iуэхуэхэр кьыщапщытэм зэрауфэзыхуамкIэ, 2009 гъэм щыщIэдзауэ дагъэзэгъэсэныпхъэхэр зэуIу уасэкIэ зыIэригъэхьэу ищэным хэтщар. АрщхьэкIэ хьэрычэтыщIэм ильэсищым кьэриубыдэу налог декларацэм щыбар нэпцIэкъуэ кьыщигъэлъэгъуар.

Iуэхур зэхагъэкI.

Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Сирием къикIыжыну адыгэхэм фадэIэпыкъуну фыхуеймэ

Зи хэкум къэкIуэжьыну мурад зыщIа ди лъэпкъэгъуэхэм зэрызыщIагъэкъуэн мыльку зэрыхуейм къыхэжIыу, Дунейпсо Адыгэ Хасэм жэрдэм къыхилъхьащ къызыгъэзэжаэр дэнэгъынымкIэ фонд къызэрагъэпэщыну икIи абы папщIэ ДАХ-м и счетыр къагъэсэбэпынущ. Щыгъуэ гугъум къыхуэтадилъхьэгъуэхэм зыщIэзыгъэкъуэнуэхэм ахъщэ иригъэкъ хуэунэ мы счетым:

Юридическэ хэщIапIэр:
360000, Урысей, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къ., ЩоджэнцIыкIум и цIэр зезыхьэ уэрам, 6
ИНН 07120012124
КПП 072101001
Къэбэрдей-Балъкъэр «БУМ-БАНК» ООО
Налшык къ., Нэгумэм и цIэр зезыхьэ уэрам, 62
Счет №40703810720000000701
К/С №30101810100000000749
БИК 048327749
ИНН 0711007268
КПП 072101001
валютнэ ($)счет:
Къэбэрдей-Балъкъэр «БУМ-БАНК» ООО
Налшык къ., Нэгумэм и цIэр зезыхьэ уэрам, 62,
Счет №40703840020000000701
К/С №30101810100000000749
БИК 048327749
ИНН 0711007268
КПП 072101001
валютнэ (€)счет:

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬэФЫЩIэ Мухьэмэд

РЕДАКЦIЭМ И КОЛЛегИЕМ ХэТХЭР
Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къудэгъ), **ЖьэкIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къудэгъ), **Щирдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къудэгъ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъуцIо Зариф, Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Хьэжыкьарэ Алик.**

КьыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

«Адыгэ псалъэ» гъэзетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъэкI.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, епщIанэ кьат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ -47-22-63, 42-57-59; щIэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателям - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ писмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдээкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм ирсу жэуап яхь, Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхьым.

Газетыр Iэ тезыдахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм №H-0065-м щIэту ятхащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэжьыгъуэм елэжьахэр: жэуап зыхь секретарь Гъурыжь Мадинэ, редактору Хьэжыкьарэ Алик, корректорэу Щоджэн Заирэ *(2, 3-нэ нап.)*, Щоджэн Инэ *(1, 4-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* Мырзэкан ФатIимэ. *КомпьютеркIэ гъэтхьэ я тепхьэ ящIащ* Ныр Сандэ, Мэлбахьуэ Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар* Бащу Жанэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тредзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 4.922● Заказ №116

●Гу зылъытапхъэ

Пэш хухах

Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хъыбар зрегъащIэ а Iуэхуэщ1апIэм и унэм жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, коммерцIэ IэнатIэм щымыщ зэгухьэныгъэхэм Урысей Федерацэм и Президент къулыкъым щIэбзэнэм, абыхэм я лIыкIуэхэм я зэIущIэ щрагъэжьIыну пэш зэраритынымкIэ. Апхуэдизу щытынущ Урысей Федерацэм и Президентымрэ КъБР-м и къуажэхэмрэ кьалэхэмрэ я щIыпIэ самоуправлениэм и советхэм я депутатхэмрэ хэхыным теухуауэ лэжьыгъэ щрагъэкIуэкI лъэхъэнэр иухыукIэ.

ЗэIущIэхэр щрагъэкIуэкIыну пэшхэр иратын папщIэ зыхуагъазэ мы хэщIапIэм: КъБР, Налшык кьалэ округ, Къуэныкъуейм и щIэр зезыхьэ уэрамым тет 2-нэ унэ, телефон (факс 8(8662) 72-05-54 е мыпхуэдэ электрон адресым: **E-mail: opkbr@mail.ru**

ЛэжьапIэ ягъэувынуэхэр къыхах

Федеральнэ къэрал щIэныгъэ бюджет Iуэхущ1апIэм и Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и Кьэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым прикладной математикэмрэ автоматизацэмкIэ и щIэныгъэ-къэхутакIэ институтым конкурс иригъэкIуэкI мы къыкIэлъыкIуэ IэнатIэхэм игъэувынуэхэр къыхихьи папщIэ:

- синергетикэ IуэхуэхэмкIэ лабораторэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ пажэ - IэнатIэ 0,5;
- синергетикэ IуэхуэхэмкIэ лабораторэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыщIэ - 1 IэнатIэ;
- бжыгъэ кьутахуэхэмкIэ кьудамэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыщIэ - 1 IэнатIэ;
- синергетикэ IуэхуэхэмкIэ лабораторэм и инженеркъэхутакIуэ - 1 IэнатIэ.

Конкурсым щытекIуаэм зэгурыIуэныгъэ иращIылIэри, лэжьапIэ ягъэув.

Ди хэщIапIэр: 360000, КъБР, Налшык кьалэ, Шорэным и цIэр зезыхьэ уэрам, № 9.

Телефонхэр: 42-64-17, 42-66-61.